ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№140 (25.046) • 2026 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 21, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •



Гулъытэ лъапІэ

Щэкіуэгъуэм и 19-м Мэзкуу щекІуэкІа «Транспортым и тхьэмахуэ» XX дунейпсо зэхуэсышхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр гъуэгу ухуэныгъэхэмкІэ пэрыт хъуа щІыналъэхэм яхэту къыщыхагъэщащ. «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ республикэм къыхуагъэфэща тыгъэхэр КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек кърitащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

ЛЪЭПКЪ проектыр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщылажьэрэ, стратегие и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ гъуэгухэр пщІы бжыгъэкІэ зэрагъэпэщыжри, машинэхэм хуит хуащІащ. Зытетыпхъэ мардэм нагъэсащ километр 1300-м щІигъу. А лэжьыгъэм зэпыу иІэкъым.

«УФ-м и Правительствэми Транспортымкіэ министерствэми фІыщІэшхуэ яхузощІ ди лэжьыгъэм зэрызыкъыщІагъэкъуэм папщІэ, - иритхащ и напэкІуэцІым КІуэкІуэ Казбек. – Щхьэхуэу я фІыщІэр къыхэзгъэщыну сыхуейщ ди лэжьакІуэхэу гъуэгу-транспорт къудамэм щылажьэхэм. Абыхэм республикэм и экономикэм хуащІ хэлъхьэныгъэр абрагъуэщ».

«Гъуэгу ухуэныгъэхэр «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» проектым и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм язщ, - жиІащ Хуснуллин Марат тыгъэр ди республикэм къыщыхуигъэфащэм. - Гъуэгухэр зэІузэпэщу щытыным мыхьэнэшхуэ иІэщ къэралым дежкІэ. Абыхэм я фІыгъэкІэ экономикэм зеужь, цІыхубэм я псэукІэр йофІакІуэ.

Лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, 2030 гъэ пщІондэ ди къэралым хиубыдэ псэупІэ 2160-м щыткІэр процент 30-кІэ щедгъэфІэкІуэну ди мурадщ. ЦІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щыпсэу щІыпІэхэм гъуэгуфІ щыІэным. Нобэрей Іуэхукіэ абыхэм я процент 80-р зытетыпхъэ мардэм нэдгъэсащ, къэрал зыбжанэм зэдай гъуэгушхуэхэми долэжь. А псор тхузэфІэкІынутэкъым, щІыналъэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэм нэмыщІамэ.

«ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ, гъуэгу ухуэныгъэхэм я лъэныкъуэкІэ 2026 гъэм щытыкІэ нэхъыфІ дыдэ къызэригъэлъэгъуам папщІэ, дипломрэ «дыщэ гъуэгуубэ» дамыгъэмрэ нобэ Іэрохьэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ щІыналъэм и унафэщІымрэ гъуэгум елэжь Іуэхущ Іапіэхэмрэ я къалэным напэ къабзэкІэ зэрыбгъэдэтым, Урысейм и гъуэгухэм уасэ зимыІэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуащІым папщІэ.

Лэжьэкіэр дяпэкІи къэдгъэлалэ хъунукъым, ди къэралым ущызекІуэныр кІуэ пэтми нэхъ тынш хъун хуэдэу. Гъуэгум цІыху псори къытохьэ, дэри цІыху къэс зыхуей хуэдгъэзэну дыхуейщ».

КІуэкІуэ Казбек Хуснуллиным фІыщІэ хуищІащ: «Къытхужиіа псалъэ гуапэхэмрэ ди лэжьыгъэм уасэшхуэ зэрыхуигъэувамрэ папщІэ, сигуми си псэми къабгъэдэкІыу, сыт хуэдэ зэмани щІыналъэм къыщытІэт жэрдэмхэр къыддэзыІыгъ Марат Шакирзян и къуэм фІыщІэ хузощІ. ТхузэфІэкІ псори хуэгъэзащ дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр ефІэкІуэным».

Къалэнхэр гъэзэщІа зэрыхъур

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Москва щыІэу Іущ Іащ Урысейм и Президентым цІыхухэмрэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ зэрызыхуагъазэхэм хэплъэн лэжьыгъэр убзыхунымкІэ управленэм и унафэщІ Михеев Алексей.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм къулыкъущ Іапіэхэм зэрызыхуагъазэхэм хэплъэным теухуа лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам.

«Нэхъ пыухыкІауэ дыкъытеувыІащ республикэм ЩІыналъэм унафэр щызегъэкІуэнымкІэ и центрымрэ жылагъуэм пыщІэныгъэ яхуиІэнымкІэ платформэмрэ бжыгъэрылъанэ мардэхэм зэризагъэ щІыкІэхэм. Мыбдежым гулъытэ хэха щыхуэтщІащ цІыхухэм муниципалитетхэмрэ министерствэхэмрэ зыхуагъэза нэужь ямыгъэгувэу жэуап иратыжу Іуэхур зэтеублэным.

Сэ цІыхухэм зыкъыщІытхуагъазэ Іуэхухэм си нэІэ щытет, къэтщта унафэхэр зэрагъэзащІэм сыщыкІэлъыплъ мымащІэрэ къысхуохуэ», - щетх КІуэкІуэ Казбек Максым щиІэ напэкІуэцІым.

Республикэм и Іэтащхьэм Михеев Алексей фІыщІэ хуищІащ чэнджэщ щхьэпэхэр къазэрыритам икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм зэрызыкъыхуагъазэхэм хэплъэным, Іуэхухэр зэфІэхыным щІыналъэм зэрыщегугъур къызэрилъытам папщІэ.

«Мыгувэу зэфІэдгъэкІын хуейхэм ящыщщ жылагъуэм пыщІэныгъэ худиІэнымкІэ ІэнатІэр техникэ и лъэныкъуэкІэ зыхущыщІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр. Абы Іэмал къет щыІэ социальнэ гугъуехьхэр къэгъэнэІуэнымкІэ – ар ди лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.

Къимыдэкіэ, цІыхухэм зэрызыкъытхуагъазэхэм дызэрыхэплъэ щІыкІэм теухуа къэрал хабзэхэми хэплъэжын хуейуэ къытпэщытщ», - къыхигъэщащ республикэм и унафэщІым.

«Урысей зэкъуэтым» и щІыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр къапщытэж

Налшык, Театреплъ ныбжьыщІэм и унэм, щекІуэкІащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и 39-нэ зэхуэсыр. Ар къыззІуахащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкІэ. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, депутатхэр, министрхэр, щІыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд. Абы жиІащ политсоветымрэ президиумымрэ хэтынухэр щІэрыщІэу хахыжын зэрыхуейр. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым республикэм щиІэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ секретарь, партым и 39-нэ зэхуэсым и къэзыбж комиссэм и унафэщІу хаха Адыгэунэ Анжелэ игъэбелджылащ зэхуэсыр зэрекІуэкІыну щІыкІэр.

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм 2022 гъэм гъатхэпэм и 5-м щегъэжьауэ 2026 гъэм щэкІуэгъуэм и 20 пщІондэ илэжьахэр игъэбелджылащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Парафилов Дмитрий. Ар къытеувыІащ зытепсэлъыхь пІалъэм кърибубыдэу партым иригъэкІуэкІа Іуэхухэм, къыхилъхьа жэрдэмкІэ къащта хабзэхэм, партыр хэхыныгъэхэм зэрыхэтам, лъэпкъ программэхэр зэрищІам. Абыхэм ящыщу къыхигъэщащ дзэ Іуэху хэхам щыІэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъуным теухуахэр. Парафиловым жиІам дыщІагъуу, зэхуэсым щагъэлъэгъуащ лъэпкъ программэм теухуауэ «Урысей зэкъуэтым» и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр къэзыгъэнаІуэ видеотеплъэгъуэ.

Зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек:

- «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр зэхуэсым къыщагъэнэІуащ къанэ щымыІэу. Ди лэжьыгъэм и Іэужьщ республикэм иужьрей илъэсхэм щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэфІхэм ди цІыхухэм я дзыхь къызэрыдэкІуэр. Мыгъэрей хэхыныгъэхэр къызыхуэтыншэу КъБР-м зэрыщекІуэкІари и фІыгъэщ партым. Къапщтэмэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щІыналъэ къудамэм и жэрдэмкІэ республикэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм къагъэлъагъуэ абы и лэжьыгъэм зэрыкІэрымыхур. Апхуэдэ Іуэхухэм къэралми республикэми фІы къахудокІуэ. Ди ехъулІэныгъэфІщ республикэм и экономикэр тэмэму зэрызэтеублар, хэхъуэ зэрыдиІэр. ТхьэмыщкІагъэр нэхъ мащІэ щыхъуащ республикэм, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм.

ЕхъулІэныгъэхэм ящыщу къыхигъэщащ иужьрей илъэсиблым кърибубыдэу ди цІыхухэм я хэхъуэр зыкъомкІэ нэхъыбэ зэрыхъуар. Къэрал Іуэхущ Іапіэхэм щылажьэхэм я улахуэм зэрыхэхъуар, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуа проектхэр абыхэм ящыщщ. Абы жиІащ республикэм и бюджетыр гъэбелджылыным мы махуэхэм зэрытепсэлъыхьар.

- Шэч къытедмыхьэу жытІэфынущ ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухууэ 2027 гъэм худиІэ мурадхэр зэрытхуэгъэзэщІэнур. Ар ехьэлІащ улахуэхэм хэгъэхъуэным, индексацэм, нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми. Псом япэ идгъэщынущ цІыхухэм дазэрыдэІэпыкъу ахъшэр тыныр, – жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Ди Іэтащхьэм къыхигъэщащ «Урысей зэкъуэт» партым щыщу щІыпІэ самоуправленэхэм хэт депутатхэм я процент 40-р зэрызэрахъуэкІар, щІэуэ хахахэм Украинэм къикІыжа куэд зэрахэтыр.

Зэхуэсым «Урысей зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэм и советым, президиумым, къэпщытакІуэ комиссэм хэтынухэр щагъэбелджылащ. Урысейпсо партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретару хахыжащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Партым и щІыналъэ къудамэм и лІыкІуэу зи чэзу зэхуэсышхуэу Москва щекІуэкІынум ягъэкІуэнухэри къыхахащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● КъБР-м и Парламентым



ЩIыналъэ мылъкур зыхуэдизынумрэ зытрагъэкIуэдэнумрэ

КъБР-м и Парламентым щедэIуащ республикэм и бюджетыр 2027 гъэм, 2028 - 2029 гъэхэм зыхуэдэнум.

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ жиIащ: «ЦIыхубэ едэIуэныгъэхэм дежщ республикэ ахъшэр зыхухах Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр нэгъэсауэ убзыхуа щыхъур. Хабзэ зэрыхъуауэ, абы дыхоплъэ щIыналъэ унафэщIхэр, муниципальнэ районхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр дызэгъусэу. 2027 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр хуэунэтIащ республикэм зэрызиужьынумрэ цIыхухэм я псэукIэр зэрефIэкIуэнымрэ. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, хэхъуэу бюджетым иIэнущ сом мелард 65-рэ мелуан 616-рэ, къигъэсэбэпыну хуеинущ сом мелард 67-рэ мелуан 953-рэ. ЩIыналъэр зыхущыщIэр сом меларди 2-рэ мелуан 337-рэ хъуну къалъытэ».

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым жиIащ дзэ Iуэху хэхар зэрекIуэкIым, языныкъуэхэр ди къэралым лъэпощхьэпо къыхуэхъуну зэрыхэтым емылъытауэ, Iэмал имыIэу пащэн зэрыхуейр республикэм и экономикэр зэпIэзэрыту хъумэным, ди лIыхъужьхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зэрызыщIагъакъуэм.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт, блэкIа илъэсхэми хуэдэу, цIыхухэм дазэрыдэIэпыкъу Iэмал псори бюджетым къызэрыщылъытар. ЗэрыжысIауэ, япэ игъэщыпхъэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныр, къэралыр хуэныкъуэхэм зэрадэIэпыкъур нэхъыфIыж щIыныр, - пищащ Егоровэм. - Бюджет мылъкур щагуэшкIэ нэхъыщхьэ дыдэу къалъытэ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ ехьэлIауэ къэралым игъэзэщIэну пщэрылъ зыщищIыжхэр зэрызэфIагъэкIынур. 2027 гъэм республикэм лэжьапIэ Iумытхэм медицинэ Iуэхутхьэбзэр пщIэншэу яхуэщIэным сом меларди 6 хухахынущ, бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм улахуэм зэрыхухагъэхъуэнури къалъытащ. Ди мурадхэм дылъэIэсын папщIэ IэмалыфIхэр диIэщ, абы щхьэкIэ псори зэгъусэу дызэдэлэжьэн хуейуэ аращ.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис къэпсэлъащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр илъэсищ гъунэгъум зэрыщытынум теухуауэ. Абы жиIащ 2026 гъэм и мазибгъум республикэм и макроэкономикэ бжыгъэ псоми, псэупIэхэр зэратым къищынэмыщIа, зыужьыныгъэфI къызэрагъэлъагъуэр. Министрым зэрыжиIэмкIэ, ят унэщIэхэм я бжыгъэр нэрылъагъуу нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ апхуэдэ щытыкIэр иджыпсту къэрал псом щыщыIэщ. Рахаевым къыхигъэщащ УФ-м и Правительствэм деж къыщащтэну унафэхэм Iуэхур ягъэзэкIуэжыну гугъэ зэрыуагъэщIыр.

- ЩIыналъэм къилэжьар сом мелард 392,5-рэ хъууэ 2025 гъэр зэфIэдгъэкIащ. Дызэрыт илъэсым и кIэм ар сом мелард 431,1-рэ хъуну худогъэфащэ, 2029 гъэм - сом мелард 630-рэ, - жиIащ министрым. - ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIыналъэм къилэжьым и нэхъыбэр мэкъумэш IэнатIэм къет. 2025 гъэм сом меларди 135,2-рэ диIащ, 2026 гъэм сом меларди 138,1-рэ къытхуихьыну дыщогугъ. ЩIыналъэм и зыужьыныгъэм хэтлъхьэ мылъкур 2029 гъэм сом меларди 100-м нэсын хуейуэ къыдогъэлъагъуэ. Къапщтэмэ, нэгъуэщI IэнатIэхэми зыужьыныгъэфIхэр щыдолъагъу. Ухуэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэм 2025 гъэм сом мелард 45,8-рэ къыпэкIуащ, мы гъэм - сом мелард 49,5-рэ, 2029-м сом мелард 72,7-рэ къыдэхъулIэну догугъэ.

Ику ит мазэ улахуэм теухуауэ Рахаевым жиIащ 2025 гъэм ар сом 53320-рэ хъууэ зэрыщытар. 2026 гъэм сом мин 58,7-рэ хъуну хуагъэфащэ. КъызэрыхагъэщамкIэ, улахуэр зэрыхъуну дыдэр елъытащ дызэрыт илъэсым и кIэух мазэм инфляцэр зыхуэдэнум.

КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ тепсэлъыхьащ республикэм и хэхъуэмрэ ахъшэр зытрагъэкIуэдэну Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэмрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, 2027 гъэм налог, мыналог хэхъуэхэр сом мелард 27,3-м нэсынущ, 2028 гъэм - сом мелард 28,9-м, 2029 гъэм - сом мелард 30,4-м. Ахэр налог лIэужьыгъуи 5-м къапэкIуэнущ: акцизхэм, НДФЛ-м, фейдэм щхьэщатыкI налогым, IуэхущIапIэхэм я мылъкум техьэ налогым. 2027 гъэм республикэ бюджетым зымыгъэзэж ахъшэу сом мелард 38,4-рэ къыIэрыхьэну хуагъэфащэ, 2028 гъэм - сом мелард 32,8-рэ, 2029 гъэм - сом мелард 31,1-рэ.

«Социальнэ унэтIыныгъэ зиIэ Iуэхугъуэхэм сом мелард 57,7-рэ хухэтхащ. Абы щыщу сом меларди 10,5-р цIыхухэм защIэгъэкъуэным, сом мелард 26,6-р бюджет IэнатIэ Iутхэм я улахуэр етыным текIуэдэнущ. 2027 гъэм республикэм къигъэсэбэпыну хуеинущ сом мелард 67,9-рэ, 2028 гъэм - сом мелард 62,6-рэ, 2029 гъэм - сом мелард 62,4-рэ. Абы хохьэ сабий къалъхумрэ ар пIынымрэ теухуауэ мазэ къэс ират дэIэпыкъуныгъэхэри республикэ бюджетым щыщу пенсэм хущIагъу щIыналъэ ахъшэри, - жиIащ министрым.

КъищынэмыщIауэ, бюджетым и проектым къыщыгъэлъэгъуащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъэкъуэну сом меларди 3. Гъуэгухэм елэжьыным хухахынущ сом меларди 7,5-рэ, лъэпкъ Iуэхухэр гъэзэщIэным сом мелард 11,5-рэ. Апхуэдэуи сабий IыгъыпIэхэм, псыкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэм я ухуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIынущ, Тырныауз псы фIейхэр зэрыщагъэкъабзэ ухуэныгъэм пащэнущ.

«Сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэрызэдгъэпэщым ехьэлIауэ мы илъэсым едгъэжьа лэжьыгъэм пытщэнущ. 2027 гъэм а Iуэхум сом мелуан 638-рэ хухыдох», - дыщIигъуащ Лисун Еленэ.

Министрым жиIащ псэупIэ зэрыратыр нэхъ тынш икIи псынщIэ ящIыным хуэгъэзауэ 2025 гъэм зэрырагъэжьар сабий зеиншэхэм унэ къызэращэхуну тхылъхэр ирату. Абы и фIыгъэкIэ иужьрей илъэситIым къриубыдэу унэ яIэрыхьащ, чэзум куэдрэ хэмыту, зеиншэу е адэ-анэм я нэIэ щIэмыту къэна сабий 300-м щIигъум.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил утыку кърахьа проектым теухуауэ къыщыпсалъэм жиIащ мэкъумэш IэнатIэмрэ щIыпIэхэмрэ зэрызрагъэужьым, нэгъуэщI гуэрхэмкIи бюджетым хухихыр зэрагъэмэщIар, абы щыгъуэми федеральнэ бюджетым и япэ еджэгъуэм щыхэплъэм, УФ-м и Къэрал Думэмрэ ФедерацэмкIэ и Советымрэ абыхэм хагъэхъуэныр Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытар.

«ЩIыналъэ бюджетым япэ игъэщыпхъэхэр щыубзыхуащ: цIыхухэм я псэукIэр зэрефIэкIуэнур нэхъыщхьэщ икIи, блэкIа илъэсхэми хуэдэу, бюджетым и процент 70-р абы хухэхащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, егъэджэныгъэ IэнатIэм трагъэкIуэдэнур зэрыщытауэ къонэ, ауэ школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ зэгъэпэщыжыным трагъэкIуэдэнур тIэкIу нэхъ мащIэ хъуащ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм иратынур дызэрыт илъэсым щыIа ахъшэм хуэдизу яубзыхуащ. ХущхъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщынум текIуэдэну мылъкур зэрымащIэми республикэ унафэщIхэм гу лъатэну, абы хагъэхъуэну дыщогугъ, - къыхигъэщащ АфэщIагъуэм.

Абы дыщIигъуащ КъБР-м ФинансхэмкIэ и министерствэм къызэрилъытар МРОТ-р нэхъыбэ щIыныр, бюджет IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм процентипщI хагъэхъуэныр. Апхуэдэуи ар къытеувыIащ сабий зеиншэхэмрэ адэ-анэм я нэIэм щIэмыту къэнахэмрэ псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр зэрызэфIахми. «Къыхэгъэщыпхъэщ, илъэсищым къриубыдэу зэфIэдгъэкIыфыну ди гугъами, мы зэманым ирихьэлIэу а Iуэхум сом мелуан 730-рэ зэрыхуэдутIыпщыфар. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым бюджетым и проектым сом мелуан 638-рэ халъхьащ. Ари узэрыгушхуэн хуэдизу къызолъытэ - жиIащ комитетым и унафэщIым.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и КъэпщытакIуэ-къэзыбж палатэм и унафэщI КIасэ Динэ, Федеральнэ налог къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ Акаевэ Светланэ сымэ.

ЗэIущIэм къыщыхалъхьа жэрдэм псори Правительствэм щIыгъуу зэпкърахынурэ, щэкIуэгъуэм и 24-м япэ еджэгъуэу хабзэубзыху IуэхущIапIэм щыхэплъэнущ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

КъатитIу зэтет сабий поликлиникэ

«ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ проектым хыхьэу Шэджэм къалэм щаухуэ метр зэбгъузэнатIэу I000-м щIигъу щIыналъэ зыубыд, иджырей мардэхэм хуэкIуэу къатитIу зэтет сабий поликлиникэ. Шэджэм районым узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и зыужьыныгъэмкIэ ар мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

МЫ ЗЭМАНЫМ сабий IуэхущIапIэр балигъхэм щеIэзэ поликлиникэм хэту мэлажьэ, щIыпIэкIэ къылъысри метр зэбгъузэнатIэу 270-рэщ. Ухуэныгъэхэр абы хуэдэ зыбжанэкIэ нэхъ ину щытынущ, сабий мин 20-м нэблагъэм дэIэпыкъуныгъэр щыхуащIэфынущ. Поликлиникэм хэтынущ Сабийхэм я узыншагъэмкIэ центр, пIалъэ къыхамыгъэкIыу зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ, медико-социальнэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт, чэнджэщ-диагностикэ къудамэ, медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ IэщIагъэлIхэм я пэшхэр.

Медицинэ IуэхущIапIэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, абы Iэмал къаритынущ фIагъ зиIэ дэIэпыкъуныгъэхэр сабийхэм ягъуэтынымкIэ.

УхуакIуэхэм унэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ. Лэжьыгъэр 2027 гъэм и кIэм яухыну я мурадщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Мы махуэхэм

ЩэкIуэгъуэм и 21, *щэбэт*

♦ **Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**
♦ **Сэлам зэхыным и дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦ **Бухгалтерым и махуэщ**
♦ **1951 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъущ Анатолэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 – 12, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦ **Къуэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦ **Урысейм щагъэлъапIэ Психологхэм я махуэр**
♦ **1933 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлджыр Мушэхьид**.
♦ **1940 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шыбзыхъуэ Азэмэт**.
♦ **1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми АР-ми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир**.
♦ **1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен**.
♦ **1969 гъэм** къалъхуащ адыгэ лъэпкъ фащэр дынымкIэ дизайнер, модельер, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэ куэдым щытекIуа **Сэралъп Мадинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 23, *блыщхьэ*

♦ **ПсыкIэ зэIыпх хъу лэчым и дунейпсо махуэщ**
1965 гъэм СССР-м и Кинематографистхэм я союз къызэрагъэпэщащ
♦ **1794 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, тхыдэдж, филолог, узэщIакIуэ **Нэгумэ Шорэ**.
♦ **1920 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ, зэдзэкIакIуэ, щIэныгъэлI **КIуащ БетIал**.
♦ **1947 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ **Уэрэзей Афлик**.
♦ **1979 гъэм** къалъхуащ «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист **НэщIэпыджэ Замирэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 3 – 4 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Вэсэмахуэ республикэм къыщалъхуащ сабий 36-рэ: 13-р хъыджэбз цIыкIущ, 23-р щIалэщ.
Дыгъуасэ - сабий 29-рэ: 17-р хъыджэбз цIыкIущ, 12-р щIалэщ.
ЩэкIуэгъуэм зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 467-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 7669-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ЖаIэ псор къэхъуркъым, къэхъу псор яIуатэркъым.


ОГРАНИЧЕННЫЙ НАБОР В ПОДРАЗДЕЛЕНИЯ БПЛА
ВОЗМОЖНОСТЬ УВОЛИТЬСЯ ПО ОКОНЧАНИЮ КОНТРАКТА
6 500 000 РУБ.
ЗА ПЕРВЫЙ ГОД
3 500 000 РУБ.
ЕДИНОВРЕМЕННО
Списание долгов до 10 млн. руб.
ОБРАЩАТЬСЯ: г. Нальчик, ул. Идарова, д. 198 Тел.: +7 (952) 579 03 45

Шэрэдж щIыналъэм и зыужьыныгъэр

КъБР-м и Парламентым и Президиумым Шэрэдж муниципальнэ районым щригъэкIуэкIа зэIущIэр траухуат щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэм. Зэ-Iущ-Iэр къызэригъэпэщащ хабзэзубзыху IуэхущIапIэм Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным епха IуэхухэмкIэ и комитетым.

ДЕПУТАТХЭМ я лэжьыгъэм къыщыщIадзащ Джэрпэджэж, Аушыджэр къуажэхэм. Гулъытэ хэха хуащIащ лъэпкъ IуэхухэмрэщIыналъэ программэхэмрэ япкъ иткIэ яухуа, къагъэщIэрэщIэжа IуэхущIапIэхэм.

Илъэс 40 ипэкIэ ящIа еджапIэр

Псом япэу хьэщIэхэр щыIащ Джэрпэджэж къуажэм Кучмезов А.Т. и цIэр зэрихьэу дэт курыт школымрэ сабий гъэсапIэмрэ. Илъэс 40 ипэкIэ яухуа еджапIэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курыт еджапIэхэр щегъэфIэкIуэн» щIыналъэ IуэхумхыхьэуШколыр еджакIуи 160-рэ щеджэным тещIыхьащ.

ЕджапIэм и унащхьэр, псы, хуабэ зрикIуэ бжьамийхэр, бжэщхьэгъубжэхэр, лъэгухэр щIэкIэ зэрахъуэкIащ. ШколакIуэхэр щагъашхэ пэшыр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къыIэгъэпэщащ. Гулъытэ щхьэхуэ зыхуащIахэм ящыщщ сабийхэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыгъуэмрэ.

- Мыпхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм школым и теплъэр яхъуэж къудейкъым, абы щекIуэкI лэжьыгъэри нэгъуэщI ещI. Сабийхэр класс хуабэхэм, нэхухэм щыщIэскIэ, я еджэкIэмрэ зыужьыкIэмри хохъуэ, - къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ-I Егоровэ Татьянэ.

Лъэмыжыщ-Iэмрэ гъуэгухэмрэ

КъыкIэлъыкIуэу депутатхэм зыщагъэгъуэзащ «Гъуэгуф-I шынагъуэншэхэр» лъэпкъ IуэхумипкъиткIэ ягъэзэщIахэм. Япэу къыхэгъэщыпхъэщ Хъыу псыежэхым тралъхьа лъэмыжыщIэр. Хъулам къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм и Iыхьитыр зэпызыщIэ лъэмыжыр ятIэпс къехам зэхикъутати, абы утехьэныр шынагъуэт. Ар къалъытэу яухуа лъэмыжыщIэм Джэрпэджэж къуажэм щыпсэухэм я дежкIэ иIэ мыхьэнэм лейуэ утемыпсэлъыхьми хъунущ.

Депутатхэр еплъащ «КъБР-м и транспорт IэнатIэм зегъэужьын» къэрал программэм хыхьэу, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм гъуэгум зэрыщелэжьам и фIагъми. Уэрамхэм я теплъэр дахэ хъуа къудейкъым, атIэ къуажэм ущызекIуэныр нэхъ тынш икIи нэхъ шынагъуэншэ абы ищIащ.

Къардэн зэкъуэшхэм я цIэр зезыхьэ еджапIэ

Депутатхэр еблэгъащ Аушыджэр къуажэм Къардэн зэкъуэшхэу Къубатийрэ Къэбардрэ я цIэхэр зэрихьэу дэт курыт школым. Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм пщIэ хуащIу, депутатхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ школ пщIантIэм дэт фэеплъым.

Абыхэм зыщагъэгъуэзащ школым къыщызэIуаха мэкъумэш технологие классым зэрыщрагъаджэм. Мэкъумэш IэнатIэм щылэжьэнухэр гъэхьэзырыным тещIыхьа пэшыр егъэджэныгъэм и Iэмал псомкIи къызэгъэпэщащ. Абдеж еджакIуэхэм зыщыщагъэгъуазэ жыгхэм зэрыдагъакIэм, мэкъумэшым елэжьыным епхауэ щыIэ иджырей Iэмалыщ-Iэхэм. Депутатхэм къыхагъэщащ къуажэ школхэм апхуэдэ классхэр къызэрыщызэIуахым и фIыгъэкIэ, щIыналъэхэм IэщIагъэлIхэр яIэ зэрыхъунур. Апхуэдэ жэрдэмхэр сэбэп мэхъу щIалэгъуалэр къуажэм къыдэнэнымкIэ, щIэупщIэ зиIэ IэщIагъэхэр зрагъэгъуэтынымкIэ.

Депутатхэр егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ епсэлъащ, зауэжьын папщIэ школым и зэфIэкIхэми щIэупщIащ. Къищынэмыщ-Iауэ, хьэщIэхэм зыщагъэгъуэзащ Къардэн зэкъуэшхэм я архив дэфтэрхэр, хьэпшыпхэр, Аушыджэр къуажэм и тхыдэм теухуа тхыгъэхэр щахъумэ школ музейм.

Экономикэ зыужьыныгъэр

Шэрэдж районым и зыужьыныгъэм траухуа зэIущIэ нэхъыщхьэр щекIуэкIащ «Аушыджэр Сити» хьэщIэщым и конференц-пэшым. Абы щIэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и Президиумым хэтхэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и лIыкIуэхэр, къуажэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, районым и IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Зэ-IущIэр къыщызэIуихым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым республикэм и щIыналъэхэм щригъэкIуэкI зэIущIэхэм я сэбэпынагъыр: «Нэхъ ипэкIи жытIащ мыпхуэдэ ди зэIущIэхэр зэрыщхьэпэр къуажэм дэлъ IуэхухэмзыщыдгъэгъуэзэнымкIэ, гугъуехьэр къэтлъагъунымкIэ, абыхэм я хэкIыпIэхэм нэхъ кууэ дегупсысынымкIэ. Нобэрей зэIущIэри, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ зиIэщ, сыту жыпIэмэ цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэныр зэлъыта Iуэхухэрдизэхуэдэкъалэнщ, абыхэм зэгъусэу делэжьыпхъэщ. Куэд елъытащ лъэпощхьэпохэр къызэрытхутэфым, мурадхэр зэрыдгъэувыфым, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

ЩIыпIэ унафэр зехьэным епха хабзэхэр зэрырагъэфIакIуэр къыхигъэщри, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ-Iым жиIащ муниципалитетхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къызэрилъытэр.

- Районхэмрэ абыхэм дэсхэмрэ я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ, ди республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зыгъэпсэхуакIуэхэр къыдэтхьэхыфыным. Шэрэдж районыр, зэрытщIэщи, хьэщIэхэми Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми я дежкIэ нэхъ цIэрыIуэ, нэхъ щIэупщIэ зиIэ унэтIыныгъэхэм ящыщщ. ЩIыпIэм зедгъэужьыху, цIыхухэри щалъхуа щIыналъэм исыжыну, я щхьэ Iуэху щызэрахуэжыну хущIегъэкъу. Нобэ Шэрэдж районым и щIыпIэ зыбжанэм дыщыIащи, шэч къытедмыхьэу жытIэфынущ щIыналъэм псынщIэу зэрызиужьыр. Ауэ гугъуехь пыухыкIахэри щыIэу къыщIэкIынщи, абыхэми дакъытеувыIэну сыхуейт, - пищащ Егоровэм.

Районым иужьрей илъэситхум щызэфIахаха лэжьыгъэм кърикIуахэм ятеухуауэ къэпсэлъащ Шэрэдж районым и администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан. Абы зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм зыужьыныгъэфIхэр иIэщ. Псалъэм папщIэ, бюджет зэгъэуIуам процент 74-кIэ хэхъуащ, езым и хэхъуэхэри процент 76-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

- Ар къыпэкIуащ районым лэжьапIэ IэнатIэхэр нэхъыбэ зэрыщытщIам (цIыху нэхъыбэм налог къат хъуащ), муниципальнэ мылъкур егупсысауэ зэрызэдгъэзахуэм, щIыр хъер къыпэкIуэу къызэрагъэсэбэпым. Улахуэм зэрыхэхъуэри къэгъэлъэгъуапхъэщ, - къыхигъэщащ район Iэтащхьэм.

Районым и экономикэр нэхъыбэу епхащ туризмэм, промышленностым, мэкъумэш IэнатIэм. Кульбаевым жиIащ иужьрей илъэсхэм къэрал-уней зэдэлэжьэныгъэм ипкъ иткIэ проект 34-рэ зэрагъэзэщIар, щIыналъэм цIыху мин 261-м зэрызыщагъэпсэхуар.

Районым къыпэщыт IуэхугъуэнэхъыщхьэхэмящыщуКъэпсэлъам къыхигъэщащ зыгъэпсэхуакIуэхэр зыунэтIыну иджырей Iэмалхэм зэрегупсысыр. Ар Шэрэдж районым и хьэщIэхэм сэбэп яхуэхъунущ и щIыпIэ дахэхэм нэхъ тыншу щызекIуэнымкIэ. Районым и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ сабийхэр егъэджэным, абыхэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ школхэр къызыхуэтыншэу зэрызэрагъэпэщыжым.

Мы районым щолажьэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу 15, школ 12, сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я центр, Деппуев Хь.С. и цIэр зезыхьэ кадет школ-интернат, Къэщкъэтау дэт «Нюр» сабий гъэсапIэр яхэту. Зи гугъу ящI пIалъэм кърИубыдэу, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ районым и еджапIиблрэ спорт пэшхэмрэ, апхуэдэуи «Нюр» сабий гъэсапIэр. «Точка роста» центрым и къудамэу 11 къызэIуахащ, гъэсапIэхэм гуащIыхьащ иджыри сабии 140-рэ зыщIэхуэн пэшхэр.

Аушыджэр къуажэм амбулаторэщIэрэ Къэщкъэтау медицинэм теухуауэ цIыхубзхэм чэнджэщ щрат IуэхущIапIэрэ щаухуащ, район сымаджэщ нэхъыщхьэм и поликлиникэ къудамэмрэ Жэмтхьэлэ къуажэм дэт амбулаторэмрэ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Районыр дохутырхэмкIэ къызэрызэгъэпэщар процент 98-м щIегъу. АдэкIэ я мурадщ Бабугент къуажэм амбулаторэрэ район сымаджэщыщIэрэ щаухуэну. Къищынэмыщ-Iауэ, муниципалитетым щокIуэкI тхыдэ фэеплъхэмрэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ хъумэным теухуа лэжьыгъэ: ЩэнхабзэмкIэ унэхэр яухуэ е зэрагъэпэщыж, библиотекэхэр къызэIуах, фэеплъхэр зыхуей хуагъазэ.

Шэрэдж районым гъуэгухэр къыщагъэщIэрэщIэж, псы зрикIуэ бжьамийхэр щахъуэж, цIыху зекIуапIэхэр зыхуей щыхуагъазэ. Иужьрей илъэсхэм автомобиль гъуэгу 11 зэрагъэпэщыжащ, псори зэхэту сом мелуан 350-м щIигъу и уасэу.

- Дэ къыдгуроIуэ районым и зыужьыныгъэр щIэблэм гулъытэ яхуэдмыщIу, спортым, нэгъуэщIхэм теухуауэ зедмыгъэужьу къэкIуэн зэрыдимыIэнур. 2023 гъэм Шэрэдж районым къыщызэIутхащ куэд щIауэ дызыпэплъа щIалэгъуалэ центрыр, - дыщIигъуащ Кульбаевым.

Районым спорт еджапIи 2 щолажьэ, спорт ухуэныгъэу 50 щыIэщ. Абыхэм цIыху 1500-м щIигъу йокIуалIэ, спорт лIэужьыгъуэ 12-м хуэзыгъасэ тренер-егъэджакIуэу 46-рэ ядолажьэ.

Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм мы зэманым спорт пэшхэр щаухуэ. 2027 гъэм Жэмтхьэлэ къуажэм дэт спорт пэшыр зэрагъэпэщыжынущ. ЩIыпIэ Iэтащхьэм къапэщылъ лэжьыгъэхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ район музейрэ къудамэ хэхауэ хы зиIэ еджапIэрэ къызэрызэрагъэпэщынур. Район унафэщIхэм адэкIи я мурадщ школхэр, сабий гъэсапIэхэр, гъуэгухэр, бжьамийхэр зэрахъуэкIыным пащэну, мэкъумэш IэнатIэм, щэнхабзэм, туризмэм зрагъэужьыну.

КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным епха IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Джатэ Руслан жиIащ Шэрэдж районым жыджэру зэрызиужьыр зэрынэрылъагъур, щIыналъэм жэрдэм щIэщыгъуэхэр зэримымащIэр. А псор я фIыгъэу депутатым къелъытэ щалъхуа щIыналъэм и къэкIуэнум гурэ псэкIэ иригузавэ цIыхухэр зэраIэм.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтахэм фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм папщIэ: «Шэрэдж районыр щIыуэпс нэхъ къулей дыдэ зиIэхэм ящыщщ, абыи къыщымынэу, цIыху гъуэзэджэхэмкIэ - гуащIафIэхэмкIэ, гумызагъэхэмкIэ, гуапэхэмкIэ - ар къахощ. Апхуэдэуи мыбы щыдолъагъу щIыналъэм зэрызиужьыну щIыкIэр фIыуэ къызыгурыIуэ, лэжьыгъэшхуэ езыгъэкIуэкI IэщIагъэлIхэри. Дэ сыт щыгъуи зыфщIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр Шэрэдж районым зэрызиужьым арэзы къищIащ икIи Президиумым унафэ къищтащ, дяпэкIэ зэрызаужьыпхъэм теухуа чэнджэщхэр къыщыгъэлъэгъуауэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.







Пашэхэр щагъэлъапІэ

Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм Дунейпсо Артийскэ комитетым щигъэлъэпІащ «Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» дыщэ орденымрэ щІыхь тхылъымрэ зыхуагъэфэщахэр.

ПШЫХЬЫР къызэІуихащ цІыхубэ къафэхэмкІэ «Амир» ансамблым (художественнэ унафэщІыр Биттиров Азэмэтщ).

Къэралым и къару нэхъыщхьэр зыхэлъыр лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэрщ. «Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр зыхуагъэфащэр къэралым и лъэпкъ хабзэхэм, анэдэлхубзэм пщІэ хуэзыщІхэрщ. Зэхыхьэм щагъэлъэпІащ зэныбжьэгъугъэм и мыхьэнэр зыщІэ, зыпэрыт Іэнатіэм зэфІэкІрэ пщІэрэ щызиІэ, Хэкум хуэпэж цІыхухэр.

- Зыщыщ лъэпкъми, зэрыт динми, ныбжьми емылъытауэ, зи дуней тетыкІэмкІэ, Іуэхущіафэмкіэ Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр дызэрызэкъуэтым и щапхъэ зыгъэлъагъуэхэм «Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орден лъапІэр ныщхьэбэ зэрыратыжынур гуапэщ. Бейтыгъуэн Іэуес и гъащІэр триухуащ мы дамыгъэ лъапІэхэр зыхуэфащэхэр къэгъэнэІуэным, - жиІащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэнымкІэ, физкультурэмрэ спортымкІэ и комиссэм и унафэщІ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и Тхакіуэхэмрэ и Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэм хэт Шинкарёвэ Наталье. – Дзэ Іуэху хэхам щыІэ, Урысейм и лъэпкъ куэдым щыщ щІалэхэр зэкъуэту нобэ бийм пэщІэтщ, ди щІыналъэр яхъумэу. Абыхэми къагъэлъагъуэ цІыхубэ зэкъуэтыныгъэм, нэгъуэщІ лъэпкъхэм пщІэ яхуэщІыным я щапхъэ дахэхэр. ИкІэщІыпІэкІэ гъащІэр мамыр хъужу, щІалэхэр я унагъуэхэм къекІуэлІэжыну Тхьэм долъэІу. Узыншагъэ, мамырыгъэ, гуфІэгъуэ, ехъулІэныгъэ фиІэну сынывохъуэхъу!

КъБР-м и Парламентым и президиумым хэт, КПРФ-м КъБР-м щиІэ щІыналъэ къудамэм и комитетым и япэ секретарь, КъБР-м и Парламентым КПРФ-м щиІэ фракцэм и унафэщІ Пащты Борис КъБР-м и Парламентым, коммунистхэм къабгъэдэкІыу зэхуэсахэм захуигъэзащ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэм, зэгурыІуэм, пщІэм мыхьэнэшхуэ зэраІэр и псалъэм къыхигъэщу. Абы и щапхъэу къихьащ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ди адэшхуэхэр псори зэкъуэувэу бийм зэрыпэщІэтар, зэуапІэм Іутхэр зыр адрейм дэІэпыкъуу зэрыщытар, нобэ дзэ Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэри а хабзэм зэрытетыр. Абы щІигъужащ ТекІуэныгъэ къахьу щІалэхэм къагъэзэжыну Урысейм ис псоми зэрахъуэпсапІэр, зэныбжьэгъугъэм и махуэшхуэр илъэс куэдкІэ зэдагъэлъэпІэну, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр нэхъри ягъэбыдэну зэригуапэр.



- Къэралым ис лъэпкъхэр зэгурыІуэным нэхъ насып зэрыщымыІэр нобэ ди нэгу щІокІ. Абы и мыхьэнэр нэсу зэхэзымыщІыкІ щыІэми, къэралыр егъэфІэкІуэным, абы зиужьыным хэлъхьэныгъэ хуэщІыным, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр зэкъуэгъэувэным зи гуащІэ езыхьэлІэхэрщ къэралым и къэкІуэнур зейр, – жиІащ Дунейпсо Артийскэ комитетым и япэ вице-президент, Евразие Артийскэ комитетымрэ Урысейм и Лъэпкъ Артийскэ комитетымрэ я президент, академик, Кавказым и республикэ псоми щІыхь зиІэ я цІыху, ЮНЕСКО-м щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкІэ хэт, «Пётр Великий», «Зэныбжьэгъугъэ» орденхэр зыхуагъэфэща Бейтыгъуэн Іэуес.

Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ гъэбыдэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащІым, дахагъэмрэ гуапагъэмрэ я щапхъэхэр зэрагъэлъагъуэм папщІэ, «Урысейм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» дыщэ орденымрэ щІыхь тхылъымрэ зэІущІэм щратыжащ РАН-м и щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и унафэщІ, тхыдэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, АМАН-м и академик, КъБР-м щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ Дзэмыхь Къасболэт, совет, урыс тхакІуэ-тхыдэдж, журналист, къэхутакІуэ-архивист цІэрыІуэ, «300 лет Нальчику» юбилейнэ медалымрэ «Во благо России» лъэпкъыбэ дыщэ медалымрэ зыхуагъэфэща, томибгъу хъу «Урысейм и цІыху цІэрыІуэхэр» щІэнгъуазэм зи цІэр ихуа, Къэбэрдей Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ Опрышкэ Олег, категорие нэхъыщхьэ зиІэ дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, хирург, СССР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и отличник, РСФСР-мрэ УФ-мрэ щІыхь зиІэ я дохутыр, «Во благо общества» щІыхь орденыр, «Гиппократ», «Элита здравоохранения» орденхэр зыхуагъэфэща, Ипщэ федеральнэ щІыналъэм къыщыдагъэкІа «Россия в лицах» щІэнгъуазэм зи цІэр ихуа Байчоров Борис, жылагъуэ, политикэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ, полицэм и полковник, МВД-м и Ветеранхэм я советым Шэджэм щІыналъэм щиІэ къудамэм и унафэщІ Тхьэзэплъыж Мухьэмэд, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэм щІыхь зиІэ я гъэсакІуэ, «300 лет Нальчику» юбилейнэ медалыр зыхуагъэфэща, томибгъу хъу «Урысейм и цІыху цІэрыІуэхэр» щІэнгъуазэм ихуа Жыласэ Заурбэч, «1 КъБР» телеканалым и унафэщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и «Честь, Достоинство, Профессионализм» дамыгъэр зыхуагъэфэща Конаревэ Наталье, Лашынкъей къуажэм и курыт еджапІэ №1-м и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Во благо России» дыщэ орденыр зыхуагъэфэща Къуэныкъуей Мадинэ, «Гранит» ООО-м и унафэщІ, УФ-м и Президентым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и саугъэтыр, «Во благо России» дыщэ орденыр, «За возвращение Крыма» юбилейнэ медалыр, «300 лет Нальчику» юбилейнэ дыщэ медалыр зыхуагъэфэща, «Лица года-2023» лъэпкъыбэ зэпеуэм и лауреат, псапащІэ, томибгъу хъу «Урысейм и цІыху цІэрыІуэхэр» щІэнгъуазэм ихуа Хьэгъэжей Ислъам, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и нэтынхэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Урысейм и Лъэпкъхэм я Артиадэм и «Телевиденэ» унэтІыныгъэм и лауреат Хьэпціэ Аннэ, егъэджакІуэ, композитор, адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэзыхьэсыж икІи зыгъэзащІэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Гъуазджэхэмкіэ сабий школым и егъэджакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм щытекІуа, Урысейм и Лъэпкъхэм я Артиадэм «Макъамэ» унэтІыныгъэмкІэ и лауреат, «Сердце отдаю детям» лъэпкъыбэ дыщэ орденымрэ Кавказым и саугъэт лъапІэу къалъытэ «Дыщэ микрофоныр» зыхуагъэфэща, томибгъу хъу «Урысейм и цІыху цІэрыІуэхэр» щІэнгъуазэм ихуа Зэрамыщіэ Заретэ, культуролог, щэнхабзэ щІэинхэм я хъумакІуэ, КъБР-м и Парламентым и 5-нэ хэхыгъуэм и депутат, КПРФ-м и щІыналъэ къудамэм и секретарь, «Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ, ЮНЕСКО-м и щІыхь тхылъыр, «Во благо России» дыщэ орденыр зыхуагъэфэща, «Урысейм и унагъуэ нэхъыфІ» зэпеуэм и лауреат, Евразием щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къанэмэт Замир, тхакІуэ, усакІуэ, Кавказым и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэм я гъэсакІуэ, Щоджэнцікіу Алийрэ Гамзатов Расулрэ я цІэхэр зезыхьэ юбилейнэ медалхэр зыхуагъэфэща Атэбий Руслан, Лэскэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ, щэнхабзэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, «Во благо России» дыщэ орденыр, «За заслуги в развитии местного самоуправления в Российской Федерации» щІыхь дамыгъэр зыхуагъэфэща Насып Лусенэ, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм щагъэлъэпІахэм я гуащІэм и пщІэр къызэралъытам, дамыгъэ лъапІэ къызэрыхуагъэфэщам папщІэ фІыщІэ хуащІащ Бейтыгъуэн Іэуес, псалъэ гуапэхэр хужаІащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэдымрэ къафэмкІэ «Тэрч къэзакъхэр» къэрал Іуэрыіуатэ ансамблым (художественнэ унафэщІыр КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бочаровэ Галинэщ), Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ипщэ, Ингуш республикэхэм щІыхь зиІэ я артисткэ Даур Иринэ, Кавказ Ищхъэрэ Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым и колледжым и «305» гупым (унафэщІыр Даур Иринэщ), КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ, Осетие Ипщэ республикэм щІыхь зиІэ и артисткэ, Урысейм и Лъэпкъ Артиадэм и лауреат Мэз Джульеттэ, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Енин Евгений, КъБР-м и цІыхубэ артист, пшынауэ цІэрыІуэ Къуэдз Іэбубэчыр, Къэбэрдей-Балъкъэр, Осетие Ипщэ республикэхэм щІыхь зиІэ я артисткэ Мамбэт Мадинэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щІыхь зиІэ я артист, Урысейм и Лъэпкъ Артиадэм и лауреат Дыщэкі Артур, Урысейм и Лъэпкъ Артиадэм и лауреат, уэрэдытх икІи уэрэджыІакІуэ Шащіэ Маринэ, уэрэджыІакІуэ, лъэпкъыбэ зэпеуэхэм я лауреатхэу Алъэсчыр-Чабдаровэ Алёнэ, Настуевэ Іэминат, уэрэджыІакІуэ ныбжьыщІэ Къандрокъуэ Дианэ, Лашынкъей къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм и пшынауэхэм я «Нал» ансамблым (художественнэ унафэщІыр ЩІанкІэ Аслъэнщ).

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ**
трихащ.



ТВ НЭТЫНХЭР

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 23

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.00 Д/ф «Огненный рейд». К 85-летию Битвы за Москву (12+)
00.55, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
22.15 Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
00.35 «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
01.10 Т/с «СЛУЧАЙНЫЙ КАДР»
04.45 «Основано на реальных событиях» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

05.15 Х/ф «В ДОБРЫЙ ЧАС!» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00, 01.55 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)
12.15, 13.25, 15.05 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.55, 17.15, 18.40 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.05 «По горячим следам» (16+)
23.25 «Кузница эффективных кадров. Новая смена». Д/с (12+)
00.05 Х/ф «БУДУ ПОМНИТЬ» (16+)
02.35 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 12.15, 14.40 Новости
07.05, 09.45, 21.55, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
07.55, 10.25, 01.50 Художественная гимнастика. Альфа-банк. Кубок России
12.20 Есть тема! Прямая трансляция
13.35 Футбол. Альфа-Банк Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
14.45 Громко. Прямая трансляция
15.45 Д/ф «Марадона. Лучший в истории» (12+)
16.50 Смешанные единоборства. И. Прохазка - Н. Стирлинг. UFC. Трансляция из Катара
18.55 Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Динамо-Ак Барс» (Казань). Чемпионат России. Суперлига. Женщины. Прямая трансляция
20.55 Футбол. Альфа-Банк Российская премьер-лига. Обзор тура (6+)
22.35 Футбол. «Монца» - «Фиорентина». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
03.55 Новости (0+)
04.00 «Небесная грация» (6+)
04.15 Футзал. «Сибиряк» (Новосибирск) - «Сургут». Бетсити. Суперлига (6+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 24

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.00 Д/ф «Он так и остался молодым...» К 85-летию со дня рождения Александра Маслякова (12+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
22.15 Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
00.35 «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
01.10 Т/с «СЛУЧАЙНЫЙ КАДР» (16+)
04.45 «Основано на реальных событиях» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

04.40 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня
09.15, 20.50 «Открытый эфир»
11.00, 01.40 «Военное образование. С учетом боевого опыта». Д/с (16+)
11.55, 23.05 «По горячим следам»
12.15, 13.25, 15.05 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.55, 17.15, 18.40 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Улика из прошлого» (16+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.25 «Кузница эффективных кадров. Новая смена». Д/с (12+)
00.05 Х/ф «ПРАВО НА ВЫСТРЕЛ»
02.35 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 21.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 По домам (12+)
09.55 Смешанные единоборства. И. Омаров - Л.Р. Лаурентино. АСА. Трансляция из Москвы (16+)
11.25 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 «Герои Мельбурна. Вячеслав Иванов» (12+)
13.50 Дело № (16+)
14.20, 04.00 «Специальный репортаж» (12+)
15.45 Д/ф «Харри Кейн. Несмотря ни на что» (12+)
16.45 Футбол. «Акрон» (Тольятти) - ЦСКА. Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
19.00 Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Крылья Советов» (Самара). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
23.10 Футбол. Чемпионат Испании. Обзор тура (6+)
00.15 Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура (6+)
01.20 Матч! Парад (16+)
03.55 Новости (0+)
04.15 Футзал. «Сибиряк» (Новосибирск) - «Сургут». Бетсити. Суперлига (6+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 25

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.00 «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
01.00, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)

20.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
22.15 Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
00.35 «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
01.40 Т/с «СЛУЧАЙНЫЙ КАДР» (16+)
05.05 Д/ф «Шпицберген. Краеугольный архипелаг» (12+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

04.45 Т/с «РАЗВЕДЧИКИ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00, 23.05 «По горячим следам» (16+)
11.20, 13.25, 15.05 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ»
15.00 Военные новости (16+)
15.20, 17.15, 18.40 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Секретные материалы». Д/с (16+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.25 Д/ф «Орловско-Курская дуга. Операция «Кутузов»
00.00 Х/ф «ПРИКАЗАНО ВЗЯТЬ ЖИВЫМ» (16+)
01.55 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 22.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.20 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Смешанные единоборства. И. Прохазка - Н. Стирлинг. UFC. Трансляция из Катара (16+)
11.25 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 «Вид сверху» (12+)
13.50 Дело № (16+)
15.45 Смешанные единоборства. К. Усман - Х. Бакли. UFC. Трансляция из США (16+)
17.45 Футбол. «Ахмат» (Грозный) - «Краснодар». Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
20.00 Футбол. «Локомотив» (Москва) - «Ростов» (Ростов-на-Дону). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
00.15 Профессиональный бокс. Э. Холифилд - М. Тайсон. Л. Брюстер - С. Ляхович. Забытая классика (16+)
01.50 Спортивная гимнастика. Кубок Олимпийского чемпиона М.Я. Воронина. Трансляция из Москвы (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Зенит-Казань» - «Кузбасс» (Кемерово). Чемпионат России. Рольф. Суперлига. Мужчины (6+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 26

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «МОСГАЗ. ДЕЛО №12. ЮЖНЫЙ ПОРТ» (16+)
00.10 Д/ф «Женщина в клетке». К 100-летию со дня рождения Маргариты Назаровой (12+)
01.05, 03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30, 02.20, 03.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25, 10.35 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ПОЛЯРНЫЙ КОНВОЙ» (16+)
11.05 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
22.15 Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
00.40 «Поздняков» (16+)
01.00 Х/ф «СТАТЬЯ 105» (16+)
04.25 Т/с «ДЕЛО ЧЕСТИ» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

04.20 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15, 20.50 «Открытый эфир» (16+)
11.00, 23.05 «По горячим следам» (16+)
11.20, 13.25, 15.05 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.20, 17.15, 18.40 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
18.00 Новости дня (16+)
19.50 «Специальный репортаж» (16+)
20.00 «Код доступа» (12+)
22.35 «Между тем» с Н. Метлиной (12+)
23.25 Х/ф «ТАБАЧНЫЙ КАПИТАН» (16+)
01.15 Д/ф «Часовые памяти. Ленинградская область» (16+)
02.05 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 09.30, 12.05, 15.00 Новости
07.05, 11.00, 15.05, 00.00 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35, 14.10 «Специальный репортаж» (12+)
09.55 Матч! Парад (16+)
10.25, 11.25, 14.30 Санный спорт. Кубок России. Прямая трансляция из Сочи
12.10 Есть тема! Прямая трансляция
13.35 «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
15.50 Д/ф «Килиан Мбаппе. Восходящая звезда» (12+)
16.45 Футбол. «Оренбург» - «Спартак» (Москва). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
19.00 Футбол. «Динамо» (Москва) - «Факел» (Воронеж). Fonbet. Кубок России. Прямая трансляция
21.45 Смешанные единоборства. Бетсити. Fight Nights. Прямая трансляция из Москвы
01.20 «Герои Мельбурна. Вячеслав Иванов» (12+)
01.50 Спортивная гимнастика. Кубок Олимпийского чемпиона М.Я. Воронина. Трансляция из Москвы (6+)
03.55 Новости (0+)
04.00 Волейбол. «Динамо» (Москва) - «Динамо-Ак Барс» (Казань). Чемпионат России. Суперлига. Женщины (6+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 24

1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.40 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00 «Большая игра» (16+)
15.15 Давай поженимся! (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.45 «Поле чудес» (16+)
21.00 «Время»
21.45 «Голос. Дети». Новый сезон (0+)
23.50 «Любови и смерти Лили Брик» (16+)
00.45 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00, 18.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ»
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)

НТВ

06.00, 08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00 «Сегодня»
06.25 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.25 Д/с «Мои университеты. Будущее за настоящим» (6+)
09.25 «Человек в праве» с Андреем Куницыным (16+)
10.35 «Первая передача» (16+)
11.10 Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ВЕКТОР АТАКИ» (16+)
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи» (16+)
16.50 «ДНК» (16+)
17.55 «Жди меня» (16+)
20.00 Т/с «СКОРАЯ ПОМОЩЬ» (16+)
22.15 Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
00.20 «Своя правда» с Романом Бабаяном (16+)
02.10 «Квартирный вопрос» (0+)
03.00 Х/ф «ИСПАНЕЦ» (16+)

ТЕЛЕКАНАЛ ЗВЕЗДА

04.35 Т/с «ВЫЖИТЬ ЛЮБОЙ ЦЕНОЙ» (16+)
07.40 Д/ф «Молитва на передовой» (16+)
09.00, 13.00, 17.00, 18.00 Новости дня (16+)
09.25 «Москва фронту». Д/с (16+)
09.55 Д/ф «Морпехи. Три века побед» (16+)
10.50 Х/ф «МОРСКОЙ ХАРАКТЕР» (16+)
13.25, 15.05 Х/ф «БЕЗ ПРАВА НА ОШИБКУ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
15.35, 17.15 Х/ф «В ЗОНЕ ОСОБОГО ВНИМАНИЯ» (16+)
18.40 Х/ф «ОТВЕТНЫЙ ХОД» (16+)
20.25 Х/ф «ЧЕРНЫЕ БЕРЕТЫ» (16+)
22.00 Х/ф «ЗДРАВСТВУЙТЕ, ТОВАРИЩИ!» (16+)
23.30 Х/ф «ФОРМУЛА ЛЮБВИ» (16+)
01.15 Х/ф «ТАБАЧНЫЙ КАПИТАН» (16+)
02.40 Х/ф «СЛУЧАЙ В ТАЙГЕ» (16+)
04.05 Х/ф «МЫ С ВАМИ ГДЕ-ТО ВСТРЕЧАЛИСЬ» (16+)

МАТЧ!

06.00 «Лучшие из лучших» (12+)
07.00, 09.30, 11.55, 14.40 Новости
07.05, 14.45, 21.30, 00.45 Все на Матч! Прямая трансляция
09.35 «Небесная грация» (6+)
09.55 Смешанные единоборства. Бетсити. Fight Nights. Трансляция из Москвы (16+)
11.25 «Футбольная нация» (12+)
12.00 Есть тема! Прямая трансляция
13.15 Футбол. Fonbet. Кубок России. Обзор (6+)
14.20, 04.00 Лица страны (12+)
15.35 Д/ф «Пеле. Король футбола» (12+)
16.30 Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
19.30 Профессиональный бокс. А. Субханкулов (Россия) - Э.К. Гомес (Куба). Бой за титул чемпиона мира по версии IBF. Прямая трансляция из Уфы
22.35 Футбол. «Венеция» - «Болонья». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
01.50 Футбол. Fonbet. Кубок России. Обзор (6+)
02.55 Спорт.Док (12+)
03.55 Новости (0+)
04.15 Санный спорт. Кубок России. Трансляция из Сочи (6+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 28

1

06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 «Умницы и умники» (12+)
09.45 «Слово пастыря» (0+)
10.00, 12.00 Новости
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
«Хъыбарыщlэхэр».
Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«Хъыбарыщlэхэр».
Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«Хъыбарыщlэхэр».
Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Акъылманла сёзлери». (16+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
10.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Еджэ - едаIуэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Акъылманла сёзлери» (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 23

7.08, 7.36, 8.08, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 Адыгэ узэщIакIуэхэр (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Мыхьэнэ зиIэм гулъытэ хуэщIын» (12+)
17.30 «КъэкIуэну зэманым и лIыкIуэхэр - Налшык». Форум (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 24

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «ЕгъэджакIуэм и псалъэ» (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Лъэхъэнэм и цIыхуищэ». АфIэунэ А. (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 25

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Уи гум щыщ Iыхьэ». КIуащ Б. (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «ПсапащIэ Iуэху» (6+)
17.20 «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Хьэрэдурэ Динэ теухуауэ (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 26

7.06, 7.36, 8.06, 8.36 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым ирихьэлIэу. Лашынкъей къуажэ (12+)
11.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.00 «Дохутырхэр студием къарагъэблагъэ» (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щэкIуэгъуэм и 28

8.00 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
8.20 «ЦIыху». Журналист Гуляев Б. (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
20.50 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Тхьэмахуэ, щэкIуэгъуэм и 29

8.00 ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
8.20 ЩоджэнцIыкIу А. къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу (12+)
14.30 ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр» (12+)

«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 23

15.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Гъубж, щэкIуэгъуэм и 24

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Бэрэжьей, щэкIуэгъуэм и 25

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (I2+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Махуэку, щэкIуэгъуэм и 26

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)
20.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Мэрем, щэкIуэгъуэм и 27

17.30 ЩIыпIэ зэман.

● Нобэ Телевиденэм и дунейпсо махуэщ

Зэманым добакъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «1КБР» телеканалыр къызэрызэIуахрэ илъэс 21-рэ ирокъу. А зэманым къриубыдэу абы игъуэтащ зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр. «Мир» телеканалым къытехьэрэ, зы жэщ-махуэм сыхэти 4-кIэ щылажьэу иригъэжьамэ, нобэ абы езым и канал иIэжщ, жэщи махуи зэпымыууэ къигъэлъагъуэу. Телевиденэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу зыхуэдгъэзащ каналым и унафэщI Конаревэ Наталье.



- Ди каналыр къыщызэIуахагъащIэм адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ нэтын зыбжанэрэ хъыбарыщIэхэмрэ къиту, «Мир» телеканалым къытехьэу щытащ. Абы щыгъуэ къалэну диIами нобэкIэ ди пщэрылъми захъуэжакъым: анэдэлъхубзэхэр хъумэным, абыхэм зегъэужьыным, Парламентымрэ Правительствэмрэ я лэжьыгъэм жылагъуэр щыгъэгъуэзэным, республикэм и экономикэм, политикэм, медицинэм, егъэджэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, щIэныгъэм, щыIэкIэ-псэукIэм ди нэIэ тетын, абыхэм дытепсэлъыхьын хуейщ. ЖыпIэнуракъэ, унэтIыныгъэ зыбжанэм йолэжь къудамэ къэс. Спортым, гъэсэныгъэм, мэкъумэшым, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм зи цIэр фIыкIэ щызыгъэIуахэм датопсэлъыхь, тхыдэм къыхэна Iуэхугъуэхэм, лIыхъужьхэм, узэщIакIуэхэм, егъэджакIуэхэм ятеухуауэ документальнэ фильмхэр догъэхьэзыр. Хамэ къэралхэм кIуэурэ хэхэс адыгэхэм, хэкум ираша нэужь хамэщIым зи цIэр щызыгъэIуа ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа нэтынхэр тыдох.

- А къалэным упэлъэщын папщIэ, дауи, лэжьакIуэрэ IэмэпсымэкIэ укъызэгъэпэщауэ щытын хуейщ.

- НобэкIэ диIэщ техникэ лъэщхэр: камерэу 10, нэтынхэр щызэхуахьэс пэши 7, суфлёр зыбжанэ, камерэхэмрэ микрофонхэмрэ зэрылажьэм щыкIэлъыплъ, сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэща пэшышхуэ, нэтынхэмрэ хъыбарыщIэхэмрэ зэщымыщу щытрах пэшхэр. Дауи, а псори зэблэзыгъэкIыр зи IэщIагъэм хуэIэижь, щыуагъэ зыIэщIэмыкI ди лэжьакIуэхэрщ. ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, къэухь IэрыщIыр къызыхуэгъэсэбэп щIалэгъуалэри ди мащIэкъым, ди гуапэ зэрыхъунщи. Къэзанокъуэ Жэбагъы жиIатэкъэ: «Зэманым декIур лIыфIщ»... Ди нэтынхэр щIэщыгъуэ щIынымкIэ, нобэрей гъащIэм къигъэув мардэщIэхэм дакъыкIэрымыхуу дылэжьэнымкIэ Iуэхушхуэхэр зэфIах ди щIалэгъуалэм. Псалъэм папщIэ, нэтыным хагъэувэ теплъэгъуэхэр дэ езым дгъэхьэзырыжу зедгъэсащ, уеблэмэ, графикэмрэ дизайнымрэ елэжь къудамэ щхьэхуэ диIэщ.

- Фи лэжьакIуэхэм, нэтынхэр зыгъэхьэзырхэм я гугъу уэзгъэщIынут, Наталье.

- Ди лэжьакIуэхэм яхэтщ ди щIыналъэм щыцIэрыIуэ дыдэхэри, псоми егъэсэн хуейуэ къэувагъащIэхэри, зи IэщIагъэм Iэзэ хуэхъуахэри, уеблэмэ макъкIэ къацIыхухэри. Абыхэм я нэхъыбэм филологие, журналистикэ къудамэхэращ къаухар. ДиIэщ нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм хуеджауэ, ауэ телевиденэм къыхуалъхуам хуэдэу, гъащIэ гъуэгум журналистикэм къыхуишауэ зыхужыпIэ хъунухэри.

- Гуныкъуэгъуэ здэщымыIэ лэжьапIэ къэгъуэтыгъуейщ. Фэ сыт хуэдэ Iуэху зэIумыбзхэр фиIэ нобэкIэ?

- Псом нэхъапэращи, анэдэлъхубзэхэм фIыуэ щыгъуазэ, абыхэм хуиту, псы ежэхым хуэдэу тыншу, ирипсалъэ щIалэгъуалэр ди мащIэщ. Зи ныбжьыр зыгъэпсэхугъуэм нэблэгъауэ нобэ тхуэлажьэхэм я пIэ иувэфынухэр, телевиденэм гурэ псэкIэ къыхуеIэхэр мащIэ дыдэщ. Арауэ жыпIэ хъунущ ди гукъеуэ нэхъыщхьэр. Мис абы етщIэнур сщIэркъым.

- Псори дызэрыщыгъуазэщи, «1 КБР» телеканалыр зэпымычу, жэщи махуи лажьэ хъуащ, икIи ар фIыгъуэшхуэщ. Сыхьэт 24-р дауэ зэрывгъэнщIыр?

- Пэжщ, мазэ бжыгъэ хъуауэ жэщи махуи эфирым дитщ. А зэманыр дгъэнщIын папщIэ, ди нэтын гъэтIылъыгъэхэр къэтIэтыжурэ догъакIуэ. Ар хуабжьу сэбэпу къытщохъу. Сыту жыпIэмэ, республикэм и щыIэкIэпсэукIэм зэрызихъуэжам уриплъэжыну, ди япэ итахэм я дуней еплъыкIэмрэ ялэжьамрэ уигу къэбгъэкIыжыну гъэщIэгъуэн дыдэщ. КъищынэмыщIауэ, цIыхухэм ягу ихужа нэрыбгэ куэдым я цIэр апхуэдэ щIыкIэкIэ къыдоIэтыж. Алъандэрэ дызэрылэжьам хуэдэуи, нэтыныщIэхэр догъэхьэзыр.

- ЦIыхухэр «1КБР»-м еплъыну хуейуэ, ауэ телевизорым къахуемыгъэубыду жаIэ. Сыт хэкIыпIэу щыIэр, дэнэ щеплъыфынур?

- Псом япэрауэ, зэрыжысIащи, канал щхьэхуэ диIэу, телевизорымкIэ къыдэплъыфынущ. Абы и мызакъуэу, дунейпсо бэджыхъым напэкIуэцI щыдиIэщи (https://lkbrtv.ru), эфир занщIэ нэгъунэ къет. КъищынэмыщIауэ, Рутубми, Телеграмми, Максми канал щыдиIэщ. Гу лъытапхъэщ, телевизоркIэ зэпымычу дыкъызэритым хуэдэу, Максым щыдиIэ напэкIуэцIри сыхьэт 24-кIэ зэрылажьэр. Газетеджэхэм садэгуэшэну сыхуейщ хъыбар гуапэкIэ – мыгувэу приложенэ хьэзыр хъунущ, телефоным требгъатхэурэ ди каналым уеплъу.

- ЩэкIуэгъуэм и 21-р телевиденэм и махуэщ. Абы ирихьэлIэу фи лэжьакIуэхэм сыт хуэдэ псалъэкIэ захуэбгъэзэнт, Наталье?

- ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, зы унагъуэм хуэдэ дыхъуащ, дызэсащ, дызэрыIыгъщ, гуапэрэ Iэфiу дызэхэтщ. Сыхуейт дэтхэнэ ди лэжьакIуэми узыншагъэ быдэ иIэну, ди зэхуэдэ Iуэху мытыншым худиIэ гукъыдэжым зэи кIэрымыхуу, едгъэфIакIуэу ди къалэныр дгъэзэщIэну.

- «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэр дынывохъуэхъу фи махуэ лъапIэмкIэ! ЕвгъэфIакIуэ!

- Упсэу!

Епсэлъар
КЪАНЫКЪУЭ Анфисэщ.

Адыгэбзэм и дыщэ налъэхэр

Бзэр лъэпкъым и фащэщ. КъыдэкIуэтей щIэблэр абы дахэу ирипсалъэмэ, абыкIэ гупсысэмэ, а фащэр лъэпкъым къыщолыдыкI, щыIэныгъэм щиубыд увыпIэр зыхуэдэр нахуэ хъуащи, мэщIэращIэ, йофIакIуэ, зеужь. Иджыри седжэрт, пасэу дунейм ехыжа бзэщIэныгъэлI Мамрэш Ким «Адыгэбзэм и бахъсэн диалектым и щхьэхуэныгъэхэр» фIэщыгъэр зрита тхылъыр къыщысIэщIыхьам. Си фIэбэр мащIэу щIэзджыкIа тхылъым зы гъэщIэгъуэн къисхащ: къызэрыщIэкIымкIэ, иджырей Зеикъуэ къуажэм, нэхъ пасэу ХьэтIохъущыкъуей ИпщэкIэ зэджэу щытам, щызекIуэ псэлъэкIэр бахъсэн диалектым хиубыдэртэкъым.

МЫ ДАЛЭМ зеикъуэдэсхэм я псэлъэкIэр тхыбзэм къигъэув щапхъэхэм зыкъомкIэ пэгъунэгъу хъуами, Мамрэшыр къуажэм щыщылэжьа илъэсхэм нэхъыжьыфI куэд псэуащ, щхьэж и адэжьхэр къызыдэкIа жылэхэм я псэлъэкIэр иджыри яхъумэу. А зэхуихьэсыжхэр апхуэдизкIэ щхъуэкIэплъыкIэти, Мамрэш Ким хузэфIэкIакъым Зеикъуэ къуажэм и псэлъэкIэр бахъсэн щIыпIэбзэм хригъэубыдэну. Зи хьэдрыхэ фIы хъун Нало Ахьмэдхъанщ зи фIыщIэр, IуэрыIуатэщыпэ дыщигъакIуэм, нэгъуэщIыпIэкIэ семыплъэкIыу ди къуажэм и псалъэхэр, жыIэгъуэхэр, псэлъафэхэр зэхуэсхьэсыжыну сызэрытригъэгушхуар. МащIэмикуэдми абы лъандэрэ а Iуэхур къызэтемыувыIауэ мэкIуатэ, псалъэ минитIым нэблагъи тхузэхуэхьэсащ. ДяпэкIэ псэлъалъэ щхьэхуэу дунейм къытехьэну сызыщыгугъ а зэхуэтхьэса псалъэхэм ятещIыхьа тхыгъэ зыбжанэ «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуащ. Мыри абыхэм къапызыщэщ. Зы къуажэ и дуней еплъыкIэр, и псэукIэр, и щыIэкIэр къызытещыж псалъэми, мы тхыгъэм къызэщIиубыдэнухэр зэрылъэпкъыу я хъугъуэфIыгъуэщ, ахэр кIуэдыжынкIэ Iэмал иIэкъым.

Абыгу и мэзу зэщIэкIэжащ – хадэр зэщIэкIэжамэ, пхрыкIыпIэ имыIэу пабжьэ хъуамэ, апхуэдэу жаIэ.

Абыгурэ – аргуэру, иджыри зэ.

Акъужьым зыщригъэшыхьащ – псалъэрэ акъылкIэ гуащIэу къызэрыкIыну зэдауэр игъэувыIащ, жыхуиIэщ.

Ашэгъуэт – хьэцэпэцэр щыбэгъуа хьэсэ.

Ашэмыуэ – хаса хьэцэпэцэр къызытемыкIэ хьэсэ.

Гуащэ набдзэр къыфIехуэхащ – щIэщхъу къызыщыщIам хужаIэ.

Гундэлэн хэцIывэжащ – умыгъуэтыжыну кIэбгъу зищIащ, жыхуиIэщ. Нобэ мы псэлъафэр пхэнжу къызыгурыIуэ щыIэщ, дауэ Гундэлэн узэрыхэцIывэжынур, жаIэу. Ар къызыхэкIыр «Гундэлэн» фIэщыгъэр иджы щыIэхэм нэхъыбэу зэрацIыхур псыцIэущи аращ. АрщхьэкIэупхрымыкIыфыну мэз Iув екIэкI иIащ а Гундэлэныпсым, Гундэ Елэн и мэзкIэ еджэу. Арат зыхэцIывэжыр, иужькIэ жыIэкIэм теухуауэ псалъэм мащIэу зызэблихъуа хъуами.

Гур щабэ деж еIуэху – къегъэгумащIэ, жыхуиIэщ. Ауан хэлъу жаIэ. Нобэми зэрахьэ псэлъафэщ.

ГутIэ – сытми къигъэмахэу, сытми хуэгущIэгъущIу щытым щхьэкIи, езы щытыкIэм щхьэкIи жаIэ. «Мыпхуэдизу умыгутIэ, упэлъэщынукъым», жаIэу зэхэпхынущ. Гухэмрэ гутIэмрэ я мыхьэнэкIэ зэпэблагъэ дыдэщ, ауэ зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэ гуэри хэлъщ. Гухэр куэд зигу темыхуэ, цIыху гумахэу зы пIалъэ гуэркIэ щытрамэ, гутIэр а щытыкIэм куэдрэ имыкIыу итращ.

Дыжьыныгъуэ унэ – унагъуэ зэгъэпэща, псэукIэ зыщIэ, жыхуиIэщ.

Егъэндырэхын – егъэнэхын.

Ехъу химылъхьэмэ псэлъэфыркъым – хъурджауэ хэмыту зыри хужыIэркъым, жыхуиIэщ.

Ехъуэ-еджэу – хъурджауэри гиери зэщIэту.

Ехъуэрыуэн – зыгуэрым ехъурджэуэн, ауан хэлъу епсэлъэн. Щоджэнхьэблэхэм зэрахьэ псалъэщ.

Жакъ – пхыр. Псалъэр Щоджэнхьэблэм щыщхэм зэрахьэ.

Жьэбэгъу – IуфакIэм къыхэкIыу вэгъу техъухьыж узыфэ лIэужьыгъуэщ.

Зи шэбэрэ зи кIуэбэрэ – пхъури къуэри щыкуэд унагъуэшхуэ.

И Iэщхьэ тхьэмпэр зэрегъакIуэ – дахэу къафэ хъыджэбзым щхьэкIэ жаIэ.

И жыIэ баринэщ – зытепсэлъыхьыр къыпхуэщIэркъым, жыхуиIэщ.

И псыр мэджыдж, и джийр мэгъущIэ – и псыхуэлIэ икIыххэркъым, жыхуиIэщ.

И хъуэхъу и хъуэн тешэ хурегъэщI – фызабэ хъуэхъуэкIэр къызытещыж жыIэгъуэщ. Унагъуэм къахэхъуа фIыгъуэм нэ фыгъуэрэ жьэ бзаджэрэ къыхуэмызэн хуэдэу, цIыхубз нэхъыжьым шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхилъхьэрти, хьэблэм дэс фызабэм деж кIуэрт, зригъэхъуэхъуну, дахэ зыжригъэIэну. Фызабэр бгэрейщи, и гыбзэр къимытIэщI щIыкIэ жыхуаIэу нэхъапэкIэ къызэрыпекIуэкI Iуэхугъуэу арат.

И хъуэхъу мастэнэми икIынущ – и хъуэхъубзэр зыхуигъэшам хуозэ, жыхуиIэщ.

И цеикIэ къуащIэр гъуэнэн – сыт къыхэхъуэми зыми имыщхьэпэу зыфIэкIуэдыжым, къирихьэлIэр зэмыхъулIэм щхьэкIэ и цеикIэ къуащIэр гъуанэщ, жаIэ.

КIуэрыкIуасэ – щIалэм хуейуэ, ауэ имыщIэу ягъэкIуасэ хъыджэбзым хужаIэ. КIуэрыкIуэм тету ягъэкIуэсащ, жыхуиIэщ.

Куп и шу – ягурэ я щхьэрэ зэтелъу, дуней унафэр яхуэщIыну къащыхъуу утыку къихьэ цIыху зыхыблым щхьэкIэ жаIэ.

Къарэло – мэзыкхъуэм нэгъуэщIу зэреджэщ.

Къуэхур дрехуей – къахуэмыгъэдаIуэм щхьэкIэ жаIэ.

Къып – зыIурыдзэн.

Къып щIын – псынщIэу егъэнэхын.

Къэрмакъ – щIыIузэфIэдзэ, щIыIущхьэр зрагъэубыд напIэ.

ЛIыгъуз – зи гуауэр, зи гуныкъуэгъуэр къызыхуэмыIуатэ цIыхухъум щхьэкIэ жаIэ.

ЛIынэ-лIыпсэ – цIыхухъу фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зимыIэ цIыхубзым щхьэкIэ жаIэ.

ЛIыхъумэт – лIыгъэ нахуэ зезыхьам хуагъэфащэ гъэфIапщIэ. Щоджэнхьэблэхэм зэрахьэ псалъэщ.

Мамыщ – удзыпIэм зэ-тIэу нэхъыбэ иримыкIуауэ къыхэщ лъагъуэ.

Накъыгъэнабдзэ – цIыхубз дахэ, бзылъхугъэ гуакIуэ, жыхуиIэщ.

Псыщхьэм щызокIуэ – къуейщIей.

ТепIызэн – текъузэн, тепIытIэн.

Фэгъэгъу I – цIыхубзхэм щыхуэн папщIэу зэрахьэу щытащ.

Фэгъэгъу II – унагъуэр къайгъэ хэзыгъэт цIыхухъум щхьэкIэ жаIэ.

ХьэщтIрагу – щхьэлым и пкъыгъуэхэм ящыщщ, гуэнщIэтыр щIэзыгъэхъае баш цIыкIум апхуэдэу йоджэ.

Хъуэхъу Iэнэу къызэрокI – зэ жиIам къытригъэзэжыркъым, щIэщыгъуэу мэхъуахъуэ, жыхуиIэщ.

Хъуэхъу данагъэ хуищIыркъым - и хъуэхъубзэр зэгъэпэщащ, шэщIащ, къыщыуэркъым, жыхуиIэщ.

Хъуэхъуибл – едзыгъуиблу зэхэту ХьэтIохъущокъуэ я гуащэр сабий къалъхуагъащIэхэм яхузэригъэпэщу щыта хъуэхъубзэ.

Цацыму йокIукI – щIэущыхьу зекIуэм щхьэкIэ жаIэ. Цымамэу къекIухь, жыхуиIэщ. Псалъэр Щоджэнхьэблэхэм къахьыжащ, нобэми зэрахьэ.

ШкIэрыпщIэ – шкIэрышэ, жыхуиIэщ. Псалъэр Щоджэнхьэблэм щыщхэм зэрахьэ.

Шэтегъэуэж – жэщщIэс дэкIыу тхьэмахуэ нэблагъэкIэ къуажэм къэмыкIуэжынумэ, губгъуэм къыщыкI пхъэщхьэмыщхьэхэр къыпачырт, цIыкIуу зэпагъэхурти, дыгъэ жьэражьэм хэлъу махуитI-щыкIэ ягъэгъурт. Абы шэр хакIэжырти, шэтегъэуэж хъужыр арат. Шэтегъэуэжыр пхъэщхьэмыщхьэм и гуащIэр къыщIыхьэу губгъуэ шхыныгъуэу зэрахьэу щытащ.

ЩIалабжэ – хьэдагъэм здыхэтым пыхьэурэ «сыунэхъужащ» жиIэу е абы ещхьыфэ нэгъуэщI псалъэ нэхъ къыфIэзымыгъэкIым щхьэкIэ «щIалабжэ ещI» жаIэ. «ЩIалэ» жыхуиIэр «ныбжьыщIэу» къыбгурыIуэн хуейщ мыбдеж. Псалъэр ноби зэрахьэ.

Щоджэнкъан – Iэщэ-фащэкIэ къызэрагъэпэща щхьэкIэ, ахэр лъэныкъуэ езыгъэкIуэтэкIыу диныр къыхэзыха цIыхум хужаIэу щытащ. Псалъэр Щоджэнхьэблэ дэсхэм зэрахьэу щытащ.

Щоджэнщауэ I – щIалэ зэкIуж, жыхуиIэщ.

Щоджэнщауэ II – чыристан диным и лэжьакIуэ хъуну зызыгъэхьэзыр щIалэщIэм щхьэкIэ жаIэу щытащ.

Я Iэндэгъу зэтащ – жэщи махуи зэкIэрымыкIыу зэгъусэ щIалэ цIыкIухэм щхьэкIэ жаIэ.

Iэмдэч телъхьэ – Iэмдэчыр джын зыухам хуащI тыгъэ.

ШУРДЫМ Динэ.

● ХъыбарегъащIэ

ПщIэ зыхуэтщI абонентхэ! Фигу къыдогъэкIыж фэтэр куэду зэхэт унэхэм псэупIэ щызиIэхэм мазэ къэс зехьапщIэ ятын зэрыхуейр. Ауэ языныкъуэхэм зехьапщIэм къыпэкIуэ компенсацэ къыIахыжыну хуитщ: зи ныбжь хэкIуэта, илъэс 70 ирикъуахэм, зи Iэпкълъэпкъ къыдэмыбзхэм ящыщу I, II гупым хыхьэхэм, Чернобыль атом станцым къыщыхъуа гузэвэгъуэм хиубыдахэм. Компенсацэр къызэрыIахыну дэфтэрхэр социальнэ зыхъумэжыныгъэмкIэ IуэхущIапIэхэм къыщеIыфхыфынущ.

ФызыщIэупщIэну псоми мы телефонхэмкIэ жэуап къыватынущ:
8 967 425-15-16
Максым: 8 967 425-15-16
Е электрон пощтымкIэ: regoperator.07@mail.ru

● Адыгэбзэм и Гупсэхэм я хьэщІэщым

ГъащІэмрэ ІэщІагъэмрэ щызэІэпэгъум деж

Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и щІэжым и гъуджэщ, и псэщ, мы гъащІэм хэмыкІуэдыкІыжу щызыгъэІэ гуащІэщ. Анэбзэр Іухукlэ, лІэужьхэм я зэхуакум дэлъ зэпыщІэныгъэхэм кІуэд яІэкъым, къадэгъуэгурыкІуэ хабзэхэри мэпсэу, ауэ щыІэныгъэм къыщекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэр лъэпкъ мащІэхэм я анэдэлъхубзэхэм къыщегуауэ къыхокІ. А удыным фэбжь къимыхьу лъэпкъым щхьэщызыхыр анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэрауэ зэрыщытым шэч хэлъкъым. Аращ а Іэнатlэм пэрыту анэбзэр щІэблэм ябгъэдэзылъхьэ цІыхум фІыщІэ хуэфащэм и мызакъуэу, ар лъэпкъым и хъумакІуэу къыщІэлъытапхъэр, Адыгэбзэм и Гупсэкlэ щІеджапхъэр. Апхуэдэу адыгэбзэм зигурэ зи псэрэ ета, ар зи гъащІэ гъуазэу псэу егъэджакІуэхэм ящыщщ Хьэтуей къуажэм дэт, Дол Хьэсэнбий и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм щылажьэ, УФ-м егъэджэныгъэмкІэ пщІэ зиІэ и егъэджакІуэ Бищlо Мафурэ. Илъэс 40-м нызэрыхьэсауэ адыгэбзэм хуэщыпкъэ бзылъхугъэр дяпэкlэ едгъэкІуэкІыну ди мурад «Адыгэбзэм и Гупсэхэм я хьэщІэщым» къедгъэблэгъащ, и гупсысэкlэ, и еплъыкІэкlэ, и дуней лъагъукІэкlэ къыддэгуэшэну. Ди гуапэу Мафурэ дедгъэкІуэкІа псалъэмакъыр «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэхэм фи пащхьэ ныдолъхьэ.

- Гу лъумытэнкlэ Іэмал иІэкъым бзэр зригъэщІэну тегушхуа щІалэгъуалэм нэхъыбэу къыхахыр урысыбзэу е хамэбзэхэрауэ зэрыщытым. Абы ущыфІэкІым, ІТ-Іэщlагъэхэм дахьэхыр мащІэкъым. Сыт, Мафурэ, уэ адыгэбзэм епха Іэщlагъэр къыхэпхыным утезыгъэгушхуар? Ущыхущlегъуэжа къэхъуа?

- Сэ егъэджакІуэ Іэщlагъэр къыхэсхынымкlэ щапхъэ дахэ куэд сиІащ. Си адэ шыпхъу закъуэр гъэсакІуэт, си шыпхъу нэхъыжьищми егъэджакІуэ Іэщlагъэр къыхахат, нэгъуэщІ къыхэпх хъуну къыс-щыхъуртэкъым, абыхэм хуабжьу сехъуапсэрт. Ди унагъуэм тхылъыщlэ къихьамэ, си дэлъхухэри къыхыхьэжырти, зэlэпахыу псори еджэрт, зэгъусэу тепсэлъыхьыжхэрт, нэхъ ягу дыхьа лІыхъужьхэми гулъытэ псалъэ хуащІ хуэдэурэ нэхъыщlэхэм къыдгурыlуэмэ гуапэ ящыхъунухэми дыщlагъэдэlурт.

Ди адэм фэилъхьэгъуэ хуэпщІ нэхърэ зэмыджа тхылъ ептмэ, куэдкlэ нэхъ къищтэнут. Апхуэдизкlэ еджэн фІэфІти, газету, журналу тебдзэ хъуну хъуар тридзэрт. Иджыри куэдрэ дридыхьэшхыу, ауэ гуапэу дигу къыдогъэкІыж а лъэхъэнэ насыпыфІэхэр. Газет тедзэгъуэ зэманхэм деж, пощтзехьэ Дзыхьмыщl Тlылэ ди адэм тридза газетхэмрэ журналхэмрэ ди куэбжэм мелкlэ къритхыхырт, апхуэдизкlэ куэд хъурти. «Мыпхуэдиз узэджэр КъурІэну щытамэ, сыту фІыт!» - жиІэрт ди анэм, ди адэри пыгуфІыкІырт.

Араща, Мурат, тхылъ фІыуэ щалъагъу унагъуэм ис цІыху псори сэ езым си псэм щызгъафlэ защlэт, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи сапэгъунэгъуныр сэркlэ насыпышхуэт, си псалъэ, си гупсысэ я псалъэмакъым хэзгъэувэ хъуныр уасэншэт. Ноби сыщІегъуэжауэ схужыІэнукъым. Нэгъуэщlыбзэхэм еплъыти, адыгэбзэмкlэ пхуэщlэнури зыкІи нэхъ мащlэкъым. Бгъэдыхьэкlэ уиІэмрэ зэфІэкІ къэбгъэлъагъуэхэмрэ куэд епхащ. Си лэжьыгъэм зыгуэр щымыхъумэ, си деж сыщолъыхъуэж. Лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэм куэд епхауэ къызолъытэ. Егъэджакlуэм къыфІэмыІуэхуу псори Іэпэдэгъэлэл ищІмэ, ар иригъаджэхэм зыхамыщlэнкlэ Іэмал зимыІэщ.

Апхуэдэр щапхъэ мыхъумыщlэ еджакІуэм дежкlэ мэхъу. Дэ ди еджапІэм щапхъэ тепхыххэнумэ, бзэмкlэ егъэджакІуэ гъуэзэджэ зыбжанэ щыдиІащ. Гуапэу си нэгу къыщlохьэжхэр Бищlо Лусанэ, Хьэщlэлl Рае, Биту КІуцэ, ХьэщlэлІхэ Мишкэрэ Хьэмыщэрэ сымэ. Дэтхэнэми и дерс гъэщlэгъуэнхэр иджыпстуи си нэгу щlэтщ. Абыхэм я деж щызолъагъу нобэ къыхэсхауэ сызэрылажьэ Іэщlагъэм лъагъуныгъэ хузиІэм щыщ Іыхьэфlыр.

Япэ лъэбакъуэхэр си шыпхъу нэхъыжь Ирэ къыздичащ. А зэманым ар еджапІэм и унафэщlым и къуэдзэу лажьэрт, урысыбзэ сыхьэт зыбжани иІыгът. Адыгэбзэ сыхьэтхэр къызэрызату, си шыпхъуми и урысыбзэ сыхьэтхэр адыгэбзэкlэ ихъуэжащ. Сэри гурэ псэкlэ зыхэсщlащ гъуэгугъэлъагъуэ, дэlэпыкъуэгъу нэс си щlыбагъ зэрыдэтыр, чэнджэщэгъуфl сызэриlэр, сыт хуэдэ Іуэхуми сыпэлъэщыну къыс-щигъэхъуащ.

СыщІегъуэжам теухуауэ... Си Іэщlагъэр фІыуэ солъагъу. Фlыуэ ялъагъум епцlыжрэ-тlэ?!

- Уи япэ дерсыр пщlэжрэ? Сыт абы щыгъуэм зыхэпщlар? Еджакlуэхэм яхууиІэ щытыкІэмрэ щІэныгъэ бгъэдэлъхьэкІэмрэ захъуэжа?

- Фlы дыдэу сощlэж, иджыблагъэ сигу къэзгъэкlыжа къудейщ. Нартан къуажэм практикэ дашат. Абы адыгэбзэмрэ литературэмкlэ дерс зырыз щыттын хуейт. Унивеситетым никlри, Урыс Хьэталий я пашэу цІыху зыбжанэ нэкlуат, дыздэщыІэ еджапІэми я унафэщlхэмрэ егъэджакІуэхэмри щlэст. Еянэ класс зыбжанэ яІэт еджапІэм, ахэр шэджагъуакІуэт, абыхэм дыщылэжьэн хуейуэ арат. Зэджэну дерсхэм зэхъуэкlыныгъэ гуэрхэр халъхьат. Ди хъыджэбзхэм литературэ дерсым пхъэшыкъур хуагъэхьэзырмэ, езы еджакІуэхэм тхыбзэр къахьауэ жаІэрт, тхыбзэм хуагъэхьэзырмэ, литературэ къахьауэ къыщlрагъэдзырт. Сэри чэзур къыслъысри, литературэм классыр хуэзгъэхьэзыращ, дерсым щlидзащ, хэзышэ Іэмал гуэрхэри къэзгъэсэбэпыну сыхуежьащ, ауэ зыми зы псалъи къажьэдэкІыртэкъым.

ТІэкІуи сызэгуэпат, тІэкІуи сыгузэват, апхуэдэу псоми къызэрыдащlэм щхьэкlэ, ауэ сыкъэувыІэщ, си гузавэр тІэкІу тезгъэкІуэтри, къэхъуам сыщІэупщlащ, арщхьэкlэ псори щымт. «Псалъэу зыгуэр къыфхэт?» - жысlэри аргуэру сыщlэупщlащ. Еджакlуэхэм зы щlалэ цІыкІу къахэпсэлъыкlри, къахьар зэрытхыбзэмкlэ хъыбар сигъэщlащ. Сэри пlалъэ къыхэзмыгъэкІыу я тхылъхэр къытралъхьэну унафэ яхуэсщlащ, пхъэшыкъум итыр тезгъэкІыжри, дерсыр тхыбзэм тезухуэжащ. Пэжщ, дерсым хуэзгъэхьэзыра зыкъом Іэщlыб сщlын хуей хъуащ, гугъэ сиІахэр къанэри, нэгъуэщІу екІуэкlащ, нэхъ Іей хъуауи, нэхъыфІ хъуауи схужыІэнукъым, еджакІуэхэми арэзы сыкъащІу лэжьащ, зы упщІи жэуапыншэу къагъэнакъым.

Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ сабийхэм къакъуэкІа щlэныгъэр зи фІыщlэр абыхэм я егъэджакІуэ дыдэр зэрыарар. Дауэ хъуми, ар сэ щхьэпэ къысхуэхъуащ, щlэсахэми ягу ирихьауэ жаІащ, сэри еджакІуэхэм я къарур зыхызагъэщlащ, дерсым уздишэну лъэныкъуэр зыкъомкlэ абыхэм къазэрыбгъэдэкІыр хьэкъ сщащlащ. Абы лъандэрэ илъэс бжыгъэ куэд дэкІами, си фІэщ быдэу мэхъу, уигурэ уи щхьэрэ зэтелъу, пщІэну лэжьыгъэм хэпщІыкІыу узыщІыхьа дерсым сыт къыщымыхъуми, зы унэтІыныгъэ дахэ гуэрым зэрыхуэпшэжыфынур. Ауэ езы еджакІуэхэр уи Іэпэгъумэ, а сыхьэтым щыпщlэфынум гъунэ зэримыІэри хьэкъыпІэкlэ а дерс жыжьэм еджакІуэхэм спхагъэкІащ. Сытми ухуэхьэзырын зэрыхуейр къызагъэщlащ.

- Иджырей сабийхэм техникэмрэ интернетымрэ я Іэпэгъущ. Ахэр дэзыхьэх технологиехэр щlэныгъэ къигъэхъуапІэ пхуэхъурэ? Анэдэлъхубзэм дихьэхын хуэдэу, зы щlэщыгъуэ гуэр къыпхухэлъхьэрэ?

- Иджырей техникэмрэ интернетымрэ гъащlэм хэмыту нэгум къыщlэгъэхьэгъуей хъуащ. Абы къихь фІымрэ зэранымрэ зэпэплъытэу ущысыху, езы щlалэгъуалэр жыжьэ къыщыхутэнущ. Ауэ щыхъукlэ, ар къэгъэсэбэпын хуейщ фІы и лъэныкъуэкlэ. Уэри жыпІащи, Мурат, ахэр дэзыхьэх технологиехэр щlэныгъэ къигъэхъуапІэ дэтхэнэ егъэджакІуэми нобэ ищІыпхъэщ. Анэдэлъхубзэм дихьэхын хуэдэу, зы щlэщыгъуэ гуэр къыщызгупсысхэм езыхэр чэнджэщэгъу сщІыну сфІэфІщ. Уи фІэщ мыхъуным хуэдизщ абыхэм къалъыкъуэкІ зэфІэкІыр. Гупсысэ гуэр я пащхьэм иплъхьэмэ, къебгъэжьамрэ укъыщыхутамрэ пхузэхуэмыгъэкІуэжу укъыщагъани щыІэщ. Еджакlуэ нэхъыжьхэм я зэфІэкІэри нэхъыбэщ. Дерсхэм жаІэшхуэ щымыІэу щlэс куэдым укъагъэуlэбжь. Жэщи махуи я Іэпэгъу телефоным, интернетым къыщимыкІынукlэ, ахэр здэщыІэм кІуэн хуейщ, я зэманри, я зэфІэкІри, я щlэныгъэри щхьэпэ зыпылъкlэ абы къыщагъэсэбэпын хуэдэу.

- Анэдэлъхубзэмрэ Адыгэ Хабзэмрэ зэгуэх ямыІэу зэпхащ. Лъэпкъ щlэныгъэм хухах сыхьэт бжыгъэр зэрагъэмэщlар къэплъытэмэ, тхыбзэри, литературэри, щэнхабзэри узэрыхуейм хуэдэу цІыкІухэм ябгъэдэплъхьэфрэ?

- А Іуэхугъуэ зи гугъу пщІым имыгъэгулэз егъэджакІуэ нобэ щыІэу къыщlэкІынкъым. Абы кърикІуэхэр иджыпстуи нэрылъагъущ. Дерсым щыпщІэну узыхуейм гъуни нэзи пхуилъэркъым. Литературэ сыхьэтхэм художественнэ тхыгъэхэр нэсу щызэпкърыпхыну Іэмал бгъуэтыркъым, еджакІуэхэм литературэм и Іэфlыр зыхащlэркъым, бзэр нэсу къагурымыІуэ мэхъу, адыгэбзэм зыІэпишэным и пІэкlэ ар гугъуехь гуэру къащохъу, абы зыпыІуадзыну мурад зыщlхэри къахокІ. Тхыбзэ дерсхэри аращ. Я тхэкlэхэр зэрекІэкІуар нэрылъагъущ. Зэпыщlащ ахэр псори. Цlыхухэм уадэпсэун папщlэ, хабзэ пхэлъын, уи щхьэ плъытэжын, узыхэтхэми пщІэ яхуэпщІын хуейщ. Сыхьэт бжыгъэр мащlэ зэрыхъуам еджакІуэхэм фІы лъэпкъ къахуишэу къэслъытэркъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, дэ абы хуитыныгъэ лъэпкъ къыдитыркъым ди Іэр еддзыхыу дыщысыну. Уеблэмэ, нэхъ щlэгъэхуэбжьауэ егъэджакІуэхэм сыт хуэдэ Іэмалри къэдгъэсэбэпын хуейуэ аращ. Лъэпкъыбзэм и пщэдейм дэтхэнэ адыгэри егъэпlейтей. Хэкlыпlэ дэтхэнэри къэгъэсэбэпыпхъэщ, фІым ухуишэну гугъэ щыІэмэ.

- Псори дыщыгъуазэщ къуажэдэсхэм къащхьэщыкІыу, къалэдэс сабийхэм урысыбзэр нэхъыфІу зэращlэм, анэдэлъхубзэр яІэщІэху зэрыхъум. Ауэ дымылъагъункІи Іэмал иІэкъым а шынагъэр къуажэдэс сабийхэми къалъэІэс зэрыхъуар.

- Еджакlуэхэм яІурылъ бзэр кІуэ пэтми нэхъ кlащхъэ зэрыхъум гу лъумытэу къанэркъым. Къызэрыхэзгъэщащи, я тхэкlэми нэхъыфІ къыуегъэлъыхъуэ, ахэр зыбгъэдэмылъ еджакІуэхэм хабзэри хуэмурэ Іэщlыб ящІ. Нэхъ ипэкlэ зэрыжысlащи, телефоным, интернетым дэтхэнэми я къалэн ягъэзащlэ. Ауэ щыхъукІи, ахэр нэхъыжьхэм я арэзыныгъэ хэлъу къащэху, къащтэ, зэрахьэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, анэ щlалэ куэд щыІэ хъуащ къыхэдгъэща хьэпшыпхэмкlэ зытрагъэужу я бынхэр щысыныр нэхъ къащтэу. Быным гъэсэныгъэ Іэрыхьэн хуейр Іэрымыхьэмэ, уэрамым, интернетым, нэгъуэщlыпlэ къыщигъуэтынущ е езыр къагъуэтынущ. Яхуэсакъын хуейщ дэтхэнэ ди зы щlэблэми. Адэанэм я лъагъуныгъэмрэ зэхэщlыкlымрэ хуэныкъуэу, зыхащlэу, ахэр здэщыІэм быныр псэкlэ ишэу къэгъэхъупхъэу къызолъытэ. Сабийм Іурылъ бзэми хьэл-щэн зыхилъхьэнуми щlэдзапlэ яхуэхъун хуейр къыщалъхуа унагъуэрщ. Гу лъумытэу къанэркъым куэдым а къалэныр зыщхьэщагъэкlуэтыну иужь зэритым, еджапІэм, егъэджакІуэхэм я пщэ далъхьэмэ, нэхъ къызэращтэр. ЕджапІэри адэ-анэхэри зэкъуэувэу а Іуэхугъуэ гугъум пэлъэщмэ, фІы дыдэщ. Лъэпкъым и бзэр и гъуджэу къалъытэмэ, а гъуджэм нобэ иплъэгъуафlэкъым.

- Дауэ уеплърэ, Мафурэ, сыт нобэ къэрал къулыкъущlэхэм, хъыбарегъащlэ Іуэхущlапlэхэм, ІТ-Іэнатlэхэм ящlэн хуейр, адыгэбзэм хуэфащэ увыпlэр иубыдын, ар еджапlэхэм щадж дерсу къэмынэн щхьэкlэ? Сыт ящlэн хуейр адыгэбзэкlэ интернетыр, кинор, гъуазджэр къэпсэлъэн папщlэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ диІэ хъуа щытыкlэр зы цІыхукІи цІыхуитІкІи зэфІэувэжыну къысфІэщІыркъым, ауэ псоми щlэдзапlэ яхуэхъур узэбакъуэ мыхъун унафэ бзэр хъумэжыным теухуауэ къащтамэ, куэд зыхуэщlэну, зылъэкІыну, ауэ нобэ щыму щысхэр Іуэхум къыхыхьэну къысщыхъурт. Адыгэбзэкlэ интернетыр, кинор, гъуазджэр къэпсэлъэн папщlэ Іуэху щхьэпэ гуэрхэри ящlэ, ауэ хэт дэнэ щилэжьми цІыхухэр щыгъуазэу, зэрыщlэу, зэдэгуашэу щытыпхъэщ. Абы телажьэ гупым сыт и лъэныкъуэкІи дэlэпыкъуэгъу хуэхъуфыну хъуар хэшапхъэщ.

Къыдалъхуа бзэр ямыджми хъуну зыми игу къэкІын хуейкъым. Нобэ хуит пщІырэ сыт хуэдэ предметри ямыдж хъуну яжепІэмэ, ар Іэщlыб зыщlын еджакІуэхэми адэ-анэми куэд къазэрыхэкІынум шэч къытесхьэркъым.

- Шэч хэлъкъым, егъэджакІуэхэм къаруушхуэ Іэнатlэм трагъэкІуадэ, ар зэгъэпэщыжыным зэмани хуейщ. Сыт еджапlэ нэужьым уи къарур зэрызэфlэбгъэувэжыр, удэзыхьэхыр, Мафурэ?

- Ар пэжщ, егъэджакІуэхэм ягъэзащlэ лэжьыгъэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Си къарур щызэфІэзгъэувэжри ар къызэзытри си унагъуэмрэ си Іыхьлыхэмрэщ. Абыхэм пыщlэныгъэ быдэ яхузиІэщ, дэтхэнэри си дежкlэ лъапlэщ. Ауэ ахэри сыт щыгъуи умыгъуэтынкІи хъунущ. Пэжыр жысlэнщи, си закъуэу сыкъыщынэхэми сымызэшу сщlэн согъуэт. Художественнэ тхылъ дахэ седжэну, си унагъуэм щlэсхэм садэуэршэрыну сфІэфІщ. Іуэху гуэр зымыщlэ куэд щыlэкъуми, абыи утрегъэу. Махуэм нэхъыбэм еджапІэм ущыlамэ, лэжьыгъэ гуэрхэри къыздэпхьмэ, ущызэшын къыпхудэхуэркъым.

- Уи гъащlэм, уи унагъуэм адыгэбзэм сыт хуэдэ щlыпlэ щиубыдыр? Ар уи щІэблэм я деж пхунэхьэса?

- Си гъащlэми си унагъуэми адыгэбзэм бжьыпэр щеубыд. Сыт хуэдизу адыгэбзэр фІыуэ сымылъэгъуами, ар унагъуэм щlэсхэм къыздамыlыгъмэ, ахэр къыздэмыакъылэгъумэ, сэ зымкlэ абы бжьыпэ щызубыдыфынукъым. Щlэблэм я дежи нэсхьэсауи сыщогугъ. Щысабийм адыгэ таурыхъ дахэхэм щlэдэlуу къэхъуахэщ, ди нэхъыжьхэм къыжраІэу щыта Іуэрыlуатэм щыщ куэди фІы дыдэу ящІэж, езыхэр адыгэбзэ къабзэкlэ мэпсалъэ, унагъуэм псори дыщызэпсалъэкlэ къэдгъэсэбэпыр адыгэбзэщ, адыгэ тхакІуэхэм я тхылъхэр щlаджыкІ. Балигъ хъухукlэ нэхъ гурыхь ящыхъуу къысфlощІ, сэри нэхъ дэзыхьэхыну тхакlуэхэмрэ тхылъхэмрэ хуэмурэ яхузогъэкІуатэ. Адыгэбзэ къудамэр университетым къыщызыухаи яхэтщ. Сащытхъуу аракъым, атІэ нэсхьэсауэ сащыгугъыу аращ, ауэ зэрыхъуар гъащlэм къигъэлъэгъуэнщ.

- Мафурэ, уигури уи псэри къызэщІиlэтэу, уи гъащlэ гъуазэ хъууэ, гугъуехь ухуэзэмэ, пщхьэщызыгъэур сыт?

- ГъащІэр плъыфэ зэхуэмыдэ куэду зэхэухуэнащ. Абы гуфІэгъуи, гугъуехьи, гуауи, нэгъуэщІ куэди хэтщ. Нэхъ сыщыщlалэхэм си гум псори ежалlэу щытащ, шыlэныгъэри нэхъ къызэмэщlэкlыу къыщыхъурт. Зыри сыхуэмеижуи къыщысфІэщlаи щыІэщ. Зэманым псори и пІэм ирегъэувэж, нэхъ тыншуи псоми уеплъ мэхъуж. Сызыхуей защlэ къызжаІэну псоми къалэн зэрамыІэр фІы дыдэу нобэ къызгуроІуэ. Ауэ, фІыуэ сыкъэзылъагъурэ сыкъэзыгъэпэжрэ си щІыб зэрыдэтым къару мыкІуэщІ къысхелъхьэ, сыхуей хъумэ, дэтхэнэри къызэрыскъуэвэнур зыхызощlэ. ФІыуэ слъагъу Іэнатlэ сыпэрытщ. Ар насыпышхуэщ. Ауэ насыпми махуэ къэс телэжьэн хуейщ. Сытым дежи ипэкlэ сызышэ гупсысэу сиІэщ псэ зызыужь зи Іэрыкlыу егъэджакІуэр зэрыщытыр. Абы утемылажьэмэ, сыт итІанэ узытелэжьэнур?

- «Адыгэ псалъэ» газетым и щІэджыкІакІуэхэм сыткlэ захуэбгъэзэнт, Мафурэ?

- Адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми и унагъуэм «Адыгэ псалъэ» газетыр къихьэн хуейуэ къызолъытэ. Унагъуэм щlэс дэтхэнэми, и ныбжь емылъытауэ, дэзыхьэхын газетым щигъуэтыну къысфІощІ. Хэкум щекІуэкІ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм я хъыбар къэфщlэнумэ, фи хэкуэгъухэм я ехъулІэныгъэхэм фыщыгъуэзэну фыхуеймэ, абы ис цІыхухэм я зэфІэкІ куэдыр зэвгъэщlэнумэ, бзэ дахэкlэ тха тхыгъэ гукъинэхэмкlэ Хабзэм пэгъунэгъу зыхуэфщlынумэ, адыгэбзэм и псэлъэкlэ гурыхъым и курыхым щыгъуазэ зыхуэфщlынумэ, «Адыгэ псалъэ» газетым щыгъуазэ зыхуэфщІ, феджэ, унагъуэ газет фщІы, фи щlэблэми фІыуэ евгъэлъагъу!

- Тхьэм уигъэпсэу, Мафурэ, зэман тхухэпхыу укъызэрытхуеблэгъам папщlэ!

Епсэлъар **ТАБЫЩ Муратщ.**



● Адыгэ бзылъхугъэм хужаIахэр

Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ къэрал зэхуэмыдэхэм ящыщ къэхутакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр ягъэщIагъуэу адыгэ бзылъхугъэм тетхыхьащ. Ахэр тепсэлъыхьащ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэм, и акъыл жаным, абы зэрихьэ хабзэ гъэщIэгъуэнхэм ар нэхъри гуакIуэ зэращIым.

Х лIэщIыгъуэм адыгэ хэкум щыIа хьэрып географ-къэхутакIуэ Абдул-Хьэсан Али аль Массуди мыпхуэдэу итхыгъащ: «Хэгъэгуу дэ дыздэщыIахэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыфэр хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иIэкъым апхуэдэ уардагъэ, Iэпкълъэпкъ зэкIуж. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ».

Массуди и ужькIэ илъэс 800-м нэс дэкIауэщ нэмыцэ философ-этнограф Гердер Иоганн адыгэхэм щатетхыхьар. Мис абы итхам щыщ пычыгъуэ: «Мыр адыгэ хэкущ, дахагъэм и хэщIапIэщ... адыгэ бзылъхугъэр дуней хъурейм къыщацIыху. Абыхэм я набдзэ шылэ фIыцIэ псыгъуэ къурашэм, хъуаскIэр къызыщIих нэ фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хъурей Iупэ пIащIэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым. Дуней псом Iэпкълъэпкъ зэкIужу тет цIыхухэр мыбдеж Тхьэм щыззэхуишэсам хуэдэщ... Дэ Европэм, ди насыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжыжьэу Тхьэм дыкъигъэщIащ».

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Шхыныгъуэхэр

Пщагъэ зыхэлъ щIакхъуэ

Гуэдз хьэжыгъэм джэдыкIэ хакъутэ, пщагъэрэ шыгъурэ зыхэлъ псы хуабэ хакIэри тхьэвыр япщ. Абы и щхьэм хьэжыгъэ трагъэщащэ, хуабапIэм ягъэуври, сыхьэтитI хуэдэкIэ щагъэт. Тхьэв тэджар тIэкIу щIапщэ, дагъэ зыщыхуа тебэм иралъхьэ, дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэтри, хьэкулъэм ирагъэувэ. Абы иту ягъажьэ щIакхъуэм и тебащхьэр трапIэркъым. МафIэм тетмэ, и тебащхьэр трапIэ, зы лъэныкъуэр жьа иужьи зэрагъэдзэкI. Хьэкулъэм иту ягъажьэр дакъикъэ 15 - 18-кIэ хьэзыр мэхъу. ЩIакхъуэр жьа иужькIэ тхъуэплъ дахэ мэхъу. Абы и щхьэфэм псы щIыIэ тIэкIу щахуэри, щIэуфауэ дакъикъэ зы-тIукIэ щагъэт, щабэ хъун щхьэкIэ.

Халъхьэхэр:

гуэдз хьэжыгъэу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 15, джэдыкIэу - 1, шыгъуу, фошыгъуу, тебэщыхуэ тхъууэ - узыхуейм хуэдиз





Хьэлыуэ-къылыш

Гуэдз хьэжыгъэ хужьыр тепщэчышхуэм ираухуанщIэри, кумб хуащI, абы джэдыкIэ уда, шыгъу, фошыгъу иралъхьэ, пщагъэ хакIэри, шэ хуабэкIэ япщ мыбыдэ дыдэу, тэджын щхьэкIэ и щхьэм хъыдан тепIауэ зы сыхьэткIэ щагъэт. Iэнэм сэхуран дагъэ щахуэ, тхьэв Iыхьэ къыпаупщIри, зэпэплIимэшхуэу е хъурейуэ, и Iувагъыр мм 4 - 5 хъууэ яху, абы тхьэв хъурей пIащIэ цIыкIухэр, я къэухьыр см 5 хуэдизурэ къагъэжыхь. Ахэр тIэкIу хаш, тэрхьэлыуэ тыкъыр (г 15) тралъхьэ, тхьэв кIапэхэр кхъуафэжьей цIыкIу теплъэ яIэу зэтрагъапщIэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра хьэлыуэ-къылышыр тIэкIу ягъэтэджыну хуабапIэм дакъикъи 5 - 6-кIэ щагъэт. ИтIанэ, градуси 150 - 160-рэ зи пщтырагъ дагъэм халъхьэри, зэрагъэдзэкIыурэ ягъажьэ, лэкъумым хуэдэу дыщафэ къытеуэху. Абы и гъэжьэным ихьыр зы дакъикъэ нэблагъэщ. Хьэлыуэр фошыгъу шей и гъусэу хуабэуи щIыIэуи яшх.

Халъхьэхэр:

гуэдз хьэжыгъэу - г 200, джэдыкIэ цIынэу - 2, пщагъэу - г 5, фошыгъуу - г 10, пщагъэм хакIэ шэуэ - г 20, кIапэхэр зэрызэкIэрагъапщIэ джэдыкIэ цIынэу - 1, тэрхьэлыуэу - г 120-рэ, шыгъуу, зэрагъэжьэну тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГушыIэхэр

Йокъури йожьэж

Фэтэрым хэлъ уэзджынэр къозу. Бжэр Iуахмэ, лIы мыцIыху щытщ.

- Фи кIрантIым псы къыдэжрэ?
- Хьэуэ...
- ЩхьэщытхъухэI унагъуэракъэ мыбы щыпсэур?
- Хьэуэ, ахэр зэрыIэпхъуэрэ илъэс мэхъу...
- ГъэщIэгъуэнщ мы цIыхухэр! Сантехникыр къраджэри, езыхэр йокъури йожьэж!

Билетыр хьэм ейщ

МафIэгум и вагон зэпыхьэпIэм зылI итщ, хьэ абрагъуэ щIыгъуу.

ГъуэгупщIэр зыта-зымытахэр къэзыпщытэр лIым щыбгъэдыхьэм, абы билетыр къригъэлъэгъуащ.

- Хьэми къыхуэпщэхун хуеящ билет, - жиIащ кондукторым, зэрымыарэзыр и фэм къиIуатэу.
- Ар хьэм ейуэ аращ.
- Ууейр-щэ?
- Сэ сиIэкъым. Ухуеймэ сикIынщ, мыр къыпхуизнэнщи.

● ФщIэн папщIэ

Дэ купщIэ гъэлыгъуар сэбэпщ

Махъсымэ, мэрэмэжьей ящIу къэна кIэрыхубжьэрыхухэри адыгэм къигъэсэбэпу щытащ: къапщтэмэ, ахэр я напэм щахуэрти кIэрагъэлът, дахэ ещI, нэкIу къилъэлъсытхэр егъэкIуэд жаIэрт. Абы нэмыщI псы хуабэкIэ зэIыпхыу зрибгъэпскIынуи сэбэпышхуэщ.

* * *

Жьэн уз зыпкърытхэм, зи тхьэмбылым щIыIэ хыхьахэм я дежкIэ сэбэпышхуэщ кIытэ защIэкIэ щIа махъсымэ ефэну, абы нэмыщI, нэкIу зэлъахэм зрегъэукъуэдиж, нэхъ гъур уещI, лъыри егъэкъабзэ.

* * *

Дэ купщIэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кIэтIийхэр егъэкъабзэ.

* * *

Нэмэзлыкъ ящIыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.

* * *

Бысымхъуэж зыщIым чыцI ажэ хуаукIыу щытащ. Абы къикIыр - бысымыр щыпхъуэжакIэ, аращ пхуэфащэр жаIэрти, абыкIэ ягъэпудырт.

● Псалъэ пэжхэр

Бэрэ хашэ иш фIокIуэд

♦Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIыркъым.
♦Быдэ и анэ гъыркъым.
♦Бысымыр хьэщIэм и Iуэхутхьэбзащ1эщ.
♦Адрыщ1ым ущIэдэумэ, мыдрыщIыр къыплъысынщ.
♦Акъыл зиIэм шыIэ иIэщ.
♦Бэлэрыгъым гъатхэр къыхуэлъэщ.
♦Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.
♦Бгъащхъуэ гушхуар жьындум жьэхэхуэри ишхащ.
♦Бгъуэ егъапщи, зэ пыупщI.
♦Гужьеигъуафэ унэхъугъуафIэщ.
♦Бзаджэ гъусэм мысэ уещI.
♦Гунэс ямыщI саугъэт умыщI.
♦АкъылыфIэм делэми бзэ къыхуегъуэт.
♦Бэрэ хашэ иш фIокIуэд.
♦Бзылъхугъэ пшэрыхь хущанэ.
♦Биижь умыгъэблагъи, уи адэ и благъэжь умыбгынэ.
♦Бийр къыпщытхъурей хъумэ, умыбэлэрыгъ.
♦Блэр мэжей жыпIэу и кIэм утемыувэ.

Псалъэзэблэдз



ЩэкIуэгъуэм и 14-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Мажьэ. **3**. ИIэщ. **7**. Щауэ. **8**. Изрэ. **9**. Джэд. **12**. Псым. **13**. Джэду. **17**. Пэт. **20**. Елъагъу. **21**. ЩIакIуэ. **22**. Щхьэм. **23**. Жэрщ.

Къехыу: **1**. Мыщэ. **2**. Жьыуэ. **4**. Iэзэ. **5**. Щхьэж. **6**. Ягъэш. **10**. Зыщ. **11**. Щэм. **14**. Лэпс. **15**. Тетщ. **16**. Къашэ. **18**. Мащэ. **19**. Дэзщ.

ЕкIуэкIыу: **5**. Вакъэ лъапщэ кIыхь. **6**. Псыежэх. **9**. Рябинэм адыгэбзэкIэ и цIэр (псалъэм и япэ хьэрфиплIыр хьэкIэкхъуэкIэм зэреджэщ) **11**. Пасэрей зауэлI джанэ. **12**. Купсэ кIыхь зиIэ удз, цIыхум яшх. **13**. Адыгэ таурыхъым зэрыхэтымкIэ, уд фызыжьым зи ныбжьэгъухэр къезыгъэла щIалэ Iущ цIыкIу. **14**. Ар щIэпым къыхащIыкI. **17**. Мэкъумэш бригадэм и унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Хьэлий.

Къехыу: **1**. Узыдэмыхьэ къуэладжэ ... дэзщ. **2**. Адыгэ зауэлIым и ныбжьэгъу пэж. **3**. ЦIыхубз щыгъын. 4. Язныкъуэ псэущхьэхэм я псэупIэ. **5**. Хьэндыркъуакъуэ жылэ. **7**. Гъэгъа хужьхэр зи щхьэкIэм хъурейуэ къыпидзэ, метр ныкъуэ нэблагъэ и лъагагъыу дэкIей удз - Iэщым яшхыркъым. (псалъэм и япэ хьэрфиплIыр унагъуэ псэущхьэм зэреджэщ). **8**. Япэ адыгэ узэщIакIуэхэм ящыщ, «Адыгэ народым и тхыдэ» тхылъыр зэхэзылъхьа. Абы и цIэр Налшык и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым зэрехьэ. **9**. Ху къызыщIалукI къэкIыгъэ. **10**. Совет зэманым а ахъшэ жьгъейм сабийхэр махуэм зы кино иригъэплъырт. **15**. Ди лъэпкъ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта. Абы и цIэр зэрехьэ Черкесск къалэм дэт Адыгэ драмэ театрым. **16**. ... гъущэрылърэ фыз игъэплъа лIырэ. **18**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **19**. Зэуапэ губгъуэм ущиткIэ ... цIыва къыптехуэнкIэ мэхъу.

Зэхэзылъхьар **САУТ СулътIанщ**.

● ГъэщIэгъуэнщ

Кхъуейм сыт хуэдиз и ныбжь?

Мы шхыныгъуэ хьэлэмэтыр куэд дыдэ щIауэ цIыхухэм фIыуэ ялъагъу. Ауэ зыми ищIэркъым абы сыт хуэдиз ныбжь иIэми.

Ди эрэм ипэкIэ IV лIэщIыгъуэм алыдж еджагъэшхуэ, философ цIэрыIуэ Аристотель иубзыхууэ щытащ кхъуей зэрыхах щIыкIэр. Ауэ Урысейм ар къыщысар XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ. Ауэ къэгъэлъэгъуэн хуейщ абы и щэхухэр илъэсищэ зыбжанэ хъууэ адыгэхэм зэращIэр.



ЛIыхъужьым и дерс

Налшык дэт курыт еджапIэ №2-м щекIуэкIащ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хухэха зэIущIэ. Абы кърагъэблэгъат дзэ Iуэху хэхам хэта Пщыхьэщ Ахьмэд.

ПЩЫХЬЭЩIЭМ еджакIуэхэр щигъэгъуэзащ зауэ губгъуэм уитыныр зищIысым, езыр псэзэпылъхьэпIэм мызэ-мытIэу къызэрикIам. Абы ныбжьыщIэхэм яжриIащ къулыкъум ущыпэрытым деж узэкъуэтын зэрыхуейр, лIыгъэщIапIэ уихуа нэужь, уи гъусэр губгъуэм къибнэ зэрымыхъунур.

Ныбжьыщ Iэхэр гупсэхуу едэIуащ Ахьмэд и хъыбархэм, езыхэр зыгъэпIейтей упщIэхэри иратащ. Ахэр щIэупщIащ лIыгъэм, ныбжьэгъугъэм, къуэшыгъэм я мыхьэнэм, хахуэ ухъун папщIэ зыхэплъхьэн хуей хьэл-щэнхэм, нэгъуэщIхэми. Курыт еджапIэм и лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ я гъэсэнхэр хэкупсэ хъунымкIэ мыпхуэдэ дерс-зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, сурэткIэ е телевизоркIэ мыхъуу, лIыхъужьыр къабгъэдэсу зэрепсэлъам еджакIуэхэм я зэхэщIыкIым зэрызригъэужьыр.

НАФIЭДЗ Данэ.

Зэгурыlуэныгъэ зэращIылIэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ «Победа» псапащIэ фондым и унафэщIыр щыIащ Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыIэм тезырхэр щагъэзэкIуэж и колоние №1-м. Джэдгуэш Александр яхуэзащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэу Iуэхущ Iапl эм тезырыр щезыхьэкIхэм.

ПРОХЛАДНЭ къалэм ЩIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутатым суд зытращIыхьа цIыхухъухэм пщIэншэу юридическэ чэнджэщхэр яритащ. Абы тхылъхэр гъэхьэзырынымрэ я социальнэ шэсыпIэхэр зэфIэгъэувэжынымрэ теухуауэ ящIэн хуейхэр яжриIащ..

Апхуэдэуи Александррэ ИК-1-м и администрацэмрэ тепсэлъыхьащ ягъэтIысахэр хуит ящIыжа нэужь жылагъуэ гъащIэм хэзэгъэжынымкIэ защIэгъэкъуэным, псапащIэ фондым и программэхэм кърат Iэмалхэм. Абы и лэжьыгъэр хуэгъэпсащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм щыщхэм, нэгъуэщIхэми ядэIэпыкъуным.

- Ди къалэныр щытыкIэ гугъум къихутахэр гулъытэншэу къэмыгъэнэнырщ, юридическэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэнымрэ гъуэгу захуэм тегъэувэжынымрэщ, - къыхигъэщащ Джэдгуэш Александр.

Мы зэманым хоплъэ тезырыр щагъэзэкIуэж колоние №1-мрэ «Победа» псапащIэ фондым и щIыналъэ къудамэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэным. Абы Iэмал къитынущ ягъэтIысахэр псапащIэ Iуэхухэм хашэнымкIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.



Ди пщащэхэм екIуу зыкъагъэлъагъуэ

Иджыблагъэ Владикавказ щекIуэкIащ гъуазджэхэмкIэ «Золотая Ника» фестиваль-зэпеуэр. Абы пашэныгъэ къыщихьащ Налшык сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэфIэкIым зыщрагъэужь и унэм спорт-балл къафэхэмкIэ и «Глория» гупым.

КЪАРЦЕЙ Дианэ и нэIэм щIэт пщащэхэм екIуу зыкъагъэлъагъуащ. Къэпщытакlуэхэм къыхагъэщащ ди къэфакIуэхэм я утыку итыкIэр, къэфэкIэр, зэблэкIыкIэр, я фэилъхьэгъуэр я гум зэрыдыхьар. Гупыр яп э нагъыщэр зиIэ лауреат щыхъуащ фестивалым.

ГЪУЭТ Синэ.

● Зэпеуэ

Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым

«Абилимпикс-2026» Лъэпкъ чемпионатым и домбеякъ медалыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуихьащ къэралым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэм ящыщ хъуа Къумыкъу Мурат.

ПРОХЛАДНЭ щIыналъэм хыхьэ Алътуд къуажэм щыщ Къумыкъу Мурат «Абилимпикс-2026» Лъэпкъ чемпионатым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ икIи щытекIуащ «Исполнительское мастерство (вокал)» унэтIыныгъэм. Зэпеуэм абы щигъэзэщIащ Боччели Андреа и «Ama, credi e vai» уэрэдыр.

Мурат и зэфIэкIыр и щапхъэщ цIыхур ерыщу и хъуэпсапIэм хуэкIуэмэ, ехъулIэныгъэ зэрызыIэригъэхьэфынум. Ар илъэс 11 хъуауэ Iэпкълъэпкъыр ишытIэу щолажьэ Алътуд къуажэм и амбулаторэм. Медицинэ Iэщ Iагъэм къыдэкIуэу, абы уэрэд жыIэным зыхуегъасэ. Мы гъэм и мэлыжьыхьым ар щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа «Абилимпикс» Х щIыналъэ чемпионатым. Мы зэпеуэм къыпызыщэу, Осетие Ищхъэрэ - Аланием накъыгъэ мазэм уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэр къыщыхахым, къэпщытакIуэхэм зэдэарэзыуэ къалъытащ «Исполнительское мастерство (вокал)» унэтIыныгъэм ар щыпашэу. Абы и фIыгъэкIэ, Кавказ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щIыналъэхэм я цIэкIэ Мурат зыкъыщигъэлъэгъуащ жэпуэгъуэм и 31-м щыщIэдзауэ щэкIуэгъуэм и 3 пщIондэ Москва и «Тимирязев центр» егъэджэныгъэ-гъэлъэгъуэныгъэ Iуэхущ IапIэм и утыкум щекIуэкIа Лъэпкъ чемпионатым. Мы гъэм абы я зэфIэкI щеплъыжащ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщ цIыху 900-м щIигъур, илъэс 14 зи ныбжь еджакIуэхэр, студентхэр, Iэщ Iагъэлхэр къызэщIиубыдэу.

Чемпионатыр екIуэкIащ «Дэтхэнэ зы текIуэныгъэми хъуэпсапIэр и щIэдзапIэщ!» къыхуеджэныгъэм щIэту.

«Абилимпикс» лъэпкъыбэ зэгухьэныгъэр хуэгъэпсащ зи узыншагъэм къимыхьхэм, ныкъуэдыкъуэхэм Iэщ Iагъэ зэхуэмыдэхэмкIэ яIэ зэфIэкIхэр къэгъэнэIуэным. Къэбэрдей-Балъкъэрыр абы хэтщ 2017 гъэ лъандэрэ.

2026 гъэм щIыналъэ чемпионатыр республикэм щекIуэкIащ мэлыжьыхьым и 27-м щыщIэдзауэ 30 пщIондэ. Абы хэта цIыхуи 128-р унэтIыныгъэ 23-м щызэхьэзэхуащ икIи цIыху 69-р щытекIуащ. Къэралым и Iуэхущ IапIэ мини 3-м щIигъу зэгухьэныгъэм доIэпыкъу. Чемпионатхэм хэтахэм я процент 93-р лэжьапIэ ягъэуващ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Дыкъэзыухъуреихь дунейм

Нереис - псэущхьэ цIыкIу

Зи Iэпкълъэпкъыр «уэрдыхъу» цIыкIу-цIыкIуурэ зэхэлъ псэущхьэщ уэшх хьэмбылум ирагъэщхь нереисыр.

АБЫХЭМ яхэтщ зи зэпрыупIэкIэ сантиметри 4-5 фIэкIа мыхъу кIагуэ жьгъейхэри, метр ныкъуэм щIигъу зи кIыхьагъхэри. ЛIэужьыгъуитIми, хэплъыхь ямыщIу, я шхыныгъуэр ятIэ щабэщ, зыIуагъахуэр плъыжьыфэми, гъуабжафэми, щхъуантIафэми. Нереисыр псэущхьэ къиинкъым, абы сыт хуэдэ псыри, шыугъэми мышыуми и зэхуэдэщ. Телъыджэщ, ауэ зыхэсым лъэшэр (кислород) къыщемэщIэкIми щымыIэххэми, тIум щыгъуи гузэвэгъуэ «зригъахуэркъым».

Псы лъащIэм къыщритхъу гъуэмбырэщ цIыкIум нереисыр илъэсым нэблагъэкIэ щопсэу, ауэ щIэжьей игъуэтын хуей хъуакъэ - псыщхьэм къыдокIуейри, щIэблэ къызэрыщIэхъуэу, езыр дунейм йохыж.

Хьэмбылум ещхь а псэущхьэ цIыкIум сэбэп зыпылъ Iуэхугъуэхэр къэщIыгъэм щызэфIегъэкI. Зэрыжытlащи, зыIуигъахуэри зыгъэпсэури ятIэщ. Езы нереисыр, и жагъуэ - и щIасэми, бдзэжьейхэм я Iусщ. Ауэ щыхъукIи, а хьэмбылу лIэужьыгъуэм ишха ятIэр бдзэжьейм щыщ мэхъуж. ИкIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, а щIыкIэм иту ди Iэнэхэм къыщытехьи щыIэщ.

Дауи, щIыуэпсым щыпсэун папщIэ, цIыхум фIыщIэ зыхуищIыпхъэр нереисым и закъуэкъым, атIэ и шхыныгъуэ зыгъэбагъуэ дэтхэнэ зы псэущхьэми: Iэмыщми, мамыщми, джэдкъазми, мэз псэущхьэми - кIэщIу жытIэмэ, ерыскъы «къыхуэзылэжь» дэтхэнэ зыми.

Еджагъэшхуэхэр зэгуэр егупсысат: «Нереисхэр Каспий тенджызым хэдгъэтIысхьэ щхьэ мыхъурэ?» - жаIэри. Хы лъэгум ятIэр щыкуэдыжьщ. Каспийр гуэл абрагъуэу ябж щхьэкIэ, тенджызым и нэщэнэхэр иIэщ: и кууагъыр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ километрым щыщIегъу, и псыр, къызэрыкIэрыху щымыIэу, шыугъэщ, хы псэущхьэ Iэджи хэсщ. Дунейпсо хым зэрыпыщIа щымыIэми, абы гуэпха тенджызхэм къазэрыщхьэщыкI думылъагъуну, къыщызэрыкIхэм деж мэгубжь икIи зехъунщIэ, зыкъыщызыIэт икIи щыуфафэ хы сыджхэр зыкIи щынэхъ лъахъшэкъым.

А псом къадэкIуэуи зэманыфI дэкIащ Ищхъэрэ Мылылъэ хыр зи хэщIапIэ псэущхьэхэм ящыщ гуэрхэм мы тенджызыр псэупIэ зэращIрэ. Ахэр, дауи, мыбы нэс къызэрыIэпхъуар псы щIагъкIэщ, ищхъэрэ жыжьэм и мылджейхэр ткIужын щыщIадзам къыщыщIэдзауэ.

Биологхэм зэрыжаIэмкIи, а щIыкIэм тетущ Каспий тенджызым къызэрыщыхутар аргъейхэр, тюленхэр, бдзэжьей хужьхэр, псэущхьэ жьгъей дыдэу «планктонкIэ» зэджэхэр. Пэжщ, ищхъэрэкIэ къиIэпхъукIахэм къызыхэкIа хым и нэщэнэ-и теплъэгъуэхэр мы псы хъуреишхуэми къыщалъыхъуэ: тюленхэр щылъхуэр щIымахуэрщ, мыл гущIыIум телъу; бдзэжьей хужьымрэ аргъеймрэ щIэжьей цIыкIухэр къащыщIэхъуэр дунейм и щIыIэгъуэрщ; елыркъэш гуащIэмащIэхэми, щIыпIэ нэхъ щIыIэтыIэ къалъыхъуэу, псым и куупIэм зыщаудыгъу.

Iузэв (Азов) тенджызым кърашри Каспий зэгуэр хаутIыпщхьат бдзэжьей лъэпкъыгъуэ зыбжанэ. Иджы мыбдеж абыхэм лIэщIыгъуэкIэрэ зыхэса я унапIэ фIэкIа пщIэнкъым, апхуэдизу щызэгъащи.

Нереисхэм я гугъу тщIымэ, ахэри Каспий хэс бдзэжьейхэм икъукIэ ягу ирихьащи, нэгъуэщI шхыныгъуэ къыщамылъыхъуэжми ярейщ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, зы илъэсым кърикубыдэу бдзэжьейхэм зыIуагъахуэ хьэмбылухэр апхуэдизу куэдыщэщи, ахэр зэбгъэзахуэмэ, вагон мин 13-м пхуигъэхуэн къудейщ. А вагонхэр, зым иужь адрейр иту зэпыбгъэувэмэ, я кIыхьагъыр километри 120-м нэблэгъэнущ.

БЭРАУ Бышэ.

Унафэщl-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 ● Тиражыр 1.101 ● Заказыр №2557

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А